O`zbekstan Respublikası Xalıq ta`lim wa`zirligi

A`jiniyaz atındag`ı No`kis Ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

PEDAGOGİKA FAKUL`TETİ

«Su`wretlew o`neri ha`m injenerlik grafikası» ta`lim bag`darı
IV- kurs talabası Allambergenov Ruslan Azatovichtın`
«Arnawlı ka`sip-o`ner kolledjlerinde oqiwshilardi qa`lem su`wret islewge u`yretiwdin` ilimiy-metodikalıq tiykarları» temasındag`ı

# *BAKALAVR PİTKERİW JUMISI*

Talaba : R.Allambergenov
İlimiy basshısı: dots. J.Darmenov

***Qorg`awg`a usınıs etilsin :***
«Su`wretlew o`neri ha`m injenerlik grafikası»
kafedrası baslıg`ı, dots.________________ J.Darmenov
«_____»_____ 2013-jıl

**No`kis-2013**

***TEMA : ARNAWLI KA`SİP-O`NER KOLLEDJLERİNDE OQIWShILARDI QA`LEM SU`WRET İSLEWGE U`YRETİWDİN` İLİMİY-METODİKALIQ TİYKARLARI***

***J O B A :***


Kirisiw…………………………………………………………………...3

I-BAP. Qa`lem su`wrettin` oqıtıw protsessindegi wazıypaları

1.1.Zattın` ko`lemi, du`zilisine qarap perspektivalıq jaqtan durıs su`wretley alıw…………………………………………………………………………8

1.2.Bolajaq su`wretlew o`neri oqıtıwshılarına qa`lem su`wret sabaqlarında qoyılatug`ın tiykarg`ı nızamlar……………………………………… ...16

II-BAP. Qa`lem su`wret tu`rlerin ko`rip shıg`ı

2.1. Qa`lem su`wret ha`m eskizler haqqında tu`sinik……………………….18

III-BAP. Qa`lem su`wret islewdin` nızamları ha`m qag`ıydaları

3.1. Buyımlardı su`wretlewde jaqtılıq ha`m sayalardın` a`hmiyeti…………31

Juwmaqlaw………………………………………………………………..46

Paydalanılg`an a`debiyatlar dizimi………………………………………..49

# ***Kirisiw***

Jaslardı ko`rkemlik jaqtan ka`mil, o`z Watanına ha`m ata-balalar miyrası bolg`an milliy o`nerge muxabbat ha`m sadıqlıq ruwxında ta`rbiyalap jetistiriwde su`wretlew o`nerinin` o`z aldına ko`lemli xızmeti girewli. Usı orında ta`biyiy bir soraw tuwıladı : ma`nawiyattı shınında da a`ne usınday qu`diretli ku`shke aylandırıw ushın biz qanday ma`selelerge birinshi gezekte itibar beriwimiz, qanday jumıslardı a`melge asırıwımız za`ru`r ?

Ma`nawiyat haqqında qanshama shaqırıqlar, a`hmiyetli teoriyalıq pikirler birdirilmesin, eger olardı ja`miyet sanasına sin`diriw ushın turaqlı jumıs alıp barmasaq, bul boyınsha iskerligimizdi ha`r ta`repleme puxta oylang`an sistemalı ra`wishte sho`lkemlestirmesek, ta`biyiy, biz go`zlegen maqsetke erise almaymız, yag`nıy insan qa`lbine jol taba almaymız.

Sonın` ushın da biz bu`gingi ku`ni ta`lim-ta`rbiya salasınan baslap, baspaso`z, televidenie, İnternet ha`m basqa g`alaba xabar quralları, teatr, kino, a`debiyat, muzıka, su`wretshilik ha`m mu`sinshilik ko`rkem o`nerine deyin, bir so`z benen aytqanda, insannın` qa`lbi ha`m oy-pikirine tikkeley ta`sir etetug`ın barlıq tarawlardag`ı jumısımızdı xalıqtın` ruwxıy za`ru`rlikleri, zaman talapları tiykarında ja`ne de ku`sheytiwimiz, jan`a basqıshqa ko`teriwimiz za`ru`r.

Su`wretlew o`neri tu`rleri arasında qa`lem su`wret pa`ninin` ornı ayrıqsha ekenin atap o`tiw za`ru`r, o`ytkeni qa`lem su`wret su`wretlew o`neri tu`rlerinin` barlıg`ının` tiykarı bolıp esaplanadı.

---

İ.A.Karimov. «Joqarı ma`nawiyat-jen`ilmes ku`sh». T.2008. 128-129 betler

Bunda o`zinin` baqlawları u`lken-u`lken shıg`arma kompozitsiyaları u`stindegi izleniwlerin da`slebinde qa`lem menen sızıqlar, sızbalar arqalı ko`rsetiledi. Al, ko`rkem shıg`armalar do`retiw bolsa, usınday ko`rinislerde islengen sızbalar usı shıg`armalardı do`retiwshi avtorlar ushın en` da`slepki oy-pikirlerin, ideyaları ha`m maqsetlerin sa`wlelendiriwshi ja`rdemshi derekler xızmetin atqaradı.

Bizin` respublikamızdın` ha`r tu`rli joqarı oqıw orınları ha`mde ilimiy izertlew institutlarında jaslarg`a milliy o`ner u`lgilerin oqıtıwdın` ilimiy tiykarlang`an jan`a tu`rleri, metodları islep shıg`ılıp atır ha`mde elimiz jasların ko`rkem ha`m estetikalıq jaqtan jaqsı ta`rbiyalap ka`malg`a keltiriw, olardı ha`r ta`repleme rawajlang`an insanlar sıpatında o`siriw bag`darlarında ko`plegen a`meliy ila`jlar o`tkerilip atır.

Bizin` G`a`rezsiz Respublikamızda a`melge asırılıp atırg`an ha`zirgi jedel o`zgerisler ja`miyetimizdi ekonomikalıq, sotsiallıq, siyasiy ha`m ruwxıy jaqtan du`n`yanın` en` rawajlang`an ma`mleketleri qatarınan orın alıwında o`zinin` unamlı na`tiyjelerin bermekte.

Oliy Ma`jlistin` 1991 jıl IX-sessiyasında qabıl etilgen «Kadrlar tayarlawdın` milliy bag`darlaması» a`hmiyetli tariyxıy, a`meliy hu`jjet bolıp, bilimlendiriw sistemasın tu`pkilikli reformalaw, onı du`n`yanın` en` aldın`g`ı demokratiyalıq ma`mleketlerinin` da`rejesine alıp shıg`ıw ha`m jas kadrlardı joqarı ruwxıy, a`dep-ikramlılıq, joqarı bilimlerge iye etip tayarlawdı maqset etip qoyadı.

Son`g`ı waqıtları ha`mme tarawlarda bolg`anı sıyaqlı, xalıq bilimlendiriw sistemasında da ko`p g`ana a`meliy ila`jlar a`melge asırılıp atır. Sonın` ishinde, pedagogikalıq universitet ha`m institutlarının` ko`rkem-grafika fakul`tetlerinde jas pedagog su`wretshilerdi tayarlaw boyınsha jan`a oqıw jobaları, jan`a bag`darlamaların du`zip shıg`ıp, turmısta a`melge asırılıp atır.

Jaslardı ko`rkemlik jaqtan kamalg`a jetken, watanga ha`m milliy o`nerge sadıqlıq ruwxında ta`rbiyalap jetistiriwde su`wretlew o`neri tu`rlerinen qa`lem su`wret pa`ni ayrıqsha itibardı talap etedi. Qa`lem su`wret pa`ni ko`rkem-grafika fakul`tetlerinde oqıtılatug`ın barlıq arnawlı pa`nlerdin` tiykarı bolıp esaplanadı ha`m o`ner arasında tikkeley baylanıstı ta`miyinleydi. Qa`lem su`wret boyınsha jetkilikli bilim ha`m uqıplardı iyelemesten, oqıwshılar kompozitsiya, ren`li su`wret, skul`ptura, xalıq a`meliy qol o`neri ha`m basqa da pa`nlerdi joqarı da`rejede o`zlestire almaydı. Su`wretlew o`neri oqıtıwshıların tayarlawda jergilikli dereklerden paydalanıwdı ken`nen jolg`a qoyıw arqalı jaslardı jetik qa`niyge bolıp jetisiwin ta`miyinlew ha`m onı ku`shli estetikalıq talg`amın, watang`a sadıq, xalqımızdın` milliy ha`m du`n`ya ju`zindegi xalıqlardın` ko`rkem ha`m milliy o`nerin joqarı da`rejede biletug`ın, tariyxta bolıp o`tken ha`diyseler ha`m ma`deniyatımızdı qa`dirley alatug`ın ka`mil insanlar bolıp jetisiwlerin ta`miyinlew bolıp tabıladı.

Bakalavr pitkeriw jumısı «Arnawlı ka`sip-o`ner kolledjlerinde oqıwshılardı qa`lem su`wret islewge u`yretiwdin` ilimiy-metodikalıq tiykarları» dep atalıp, bul jumıs kirisiw, u`sh baptan ha`mde juwmaqlaw bo`liminen ibarat bolıp, tan`lap alıng`an tema tiykarında ko`lemli jumıs alıp barıldı, usı temag`a bag`ıshlangan qatap a`debiyatlar menen tanısıp shıg`ıldı ha`m diplom jumısının` mazmunı tiykarınan qa`lem su`wret pa`ninin` a`hmiyeti ha`mde onın` maqset ha`m wazıypaları haqqında pikirler toplandı. Usı wazıypalar o`zi ishine qa`lem su`wret pa`ninin` tiykarı sıpatında qollanılatug`ın belgili nızamlıqlar ha`m sha`rtli tu`rde orınlanatug`ın qag`ıydalarda alıw menen bir qatarda, qa`lem su`wrettin` bir qatar tu`rlerden ibarat ekeni tuwralı mag`lıwmatlar da diplom isinin` bir bo`limi retinde ko`rip shıg`ıldı. Qa`lem su`wret su`wretlew o`nerinde en` tiykarg`ı orınlardı iyeleydi ha`m sonın` menen bir qatarda qa`lem su`wret tek g`ana su`wretlew o`neri tarawlarında emes, al basqa da qa`niygelik tarawlarda  da a`hmiyetli rol` atqaradı. Pitkeriw jumısının` tiykarg`ı bo`limindegi ko`lemli baplarda mine

usı pikirler jıynag`ı jarıtılg`an. Kirisiw bo`liminde ulıwma qa`lem su`wret ha`m pitkeriw jumısının` mazmunı menen tanıstırıladı, al, juwmaqlaw bo`liminde bolsa tiykarg`ı bo`limlerdegi toplang`an mag`lıwmatlardın` juwmaqları ja`mlengen. Pitkeriw jumısındag`ı mag`lıwmatlar jıynawdag`ı tiykarg`ı a`debiyatlar paydalanıladı.

***Temanın` aktuallıg`ı:*** Bakalavr pitkeriw jumısı «Arnawlı ka`sip-o`ner kolledjlerinde oqıwshılardı qa`lem su`wret islewge u`yretiwdin` ilimiy-metodikalıq tiykarları» teması boyınsha orınlang`an. Jumıstın` aktuallıg`ı ulıwma orta ta`lim mektepleri, akademiyalıq litsey ha`m ka`sip-o`ner kolledjlerinde qa`lem su`wret islewge u`yretiwdin` ilimiy-metodikalıq tiykarları haqqında ken` so`z ju`ritilgen. Arnawlı ka`sip-o`ner kolledjlerinde oqıwshılardı qa`lem su`wret islewge u`yretiwdi izbe-izlikte orınlaw temanın` aktuallıg`ı bolıp esaplanadı.

***Jumıstın` maqseti ha`m wazıypaları :***

Qa`lem su`wret sabaqları qa`niygelik oqıw pa`nlerinin` negizi sıpatında bolajaq su`wretlew o`neri oqıtıwshılarına to`mendegi tiykarg`ı nızamlardı u`yretiwdi maqset etip qoyadı.

1. Kompozitsiya tiykarları.
2. Sızıqlı konstruktivlik du`zilis.
3. Buyım ha`m zatlardın` o`z-ara qatnasları.
4. Perspektiva nızamlılıqları.
5. Ha`reketti baklaw.
6. Orınlanıp atırg`an wazıypadag`ı jaqtılıq ha`m sayalardın` nızamlılıqları.
7. Su`wretlewdi metodikalıq izbe-izlikte durıs orınlaw.

***İzertlew obekti ha`m izertlew predmeti:*** ob`ekti- arnawlı ka`sip-o`ner kolledji talabaları, predmeti- qa`lem su`wret pa`ni

***İzertlew metodikası ha`m metodologiyası*:** İzertlew metodları salıstırıw, baqlaw, a`debiyatlar analizi, ta`jiriybe isi, gu`rrin`, illyustratsiya islew, kompozitsiya islew, ren` tallawdın` analizi.

***İzertlew na`tiyjelerinin` ilimiy ta`repinen jan`alıq da`rejesi*:** Bakalavr pitkeriw jumısı referativ metodikalıq ha`m a`meliy xarakterge iye. Ka`sip-o`ner kolledji talabaları menen islesiwde O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan su`wretshilerinin` do`retpelerinin` u`lgilerinen paydalanıw.

***İizertlew jumısının` a`meliy a`hmiyeti ha`m en jaydırılıwı:*** Akademik litsey ha`m ka`sip-o`ner kolledji talabaları ushın su`wretlew o`nerinin` qa`niygelik pa`nlerinde gu`rrin`ler alıp barıwda, ko`rgizbe qural ha`m lektsiya sabaqlarında metodikalıq qollanba retinde paydalansa boladı.

***Jumıs du`zilisi ha`m quramı :*** Jumıs kirisiw, III-bap, juwmaqlaw ha`m paydalanılg`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

***Orınlang`an jumıstın` tiykarg`ı na`tiyjeleri:*** Biz o`z jumısımız dawamında isimizdin` maqseti ha`m wazıypası, sonın` menen birge onın` a`meliy za`ru`rligin ko`rsetiwge ha`reket ettik. Qa`lem su`wret sabaqlarında na`rsege qarap su`wret sog`ıw metodikasın u`yretiw, ren`li su`wret pa`ninde milliy buyımlar qatnasıwında natyurmort islew jolları, talabalardın` su`wretlew o`nerinde bolg`an qızıg`ıwın asırıw, o`nerdi tu`siniwge u`yretiwde jumısımız jaqsı na`tiyje bergenine eristik.

***Juwmaq ha`m usınıslardın` qısqasha ulıwmalastırılg`an sıpatlaması:*** Su`wretlew o`neri oqıtıwshıların tayarlawda jergilikli dereklerden paydalanıwdı ken`nen jolg`a qoyıw arqalı jaslardı jetik qa`niyge bolıp jetisiwin ta`miyinlew ha`m onı ku`shli estetikalıq talg`amın, watang`a sadıq, xalqımızdın` milliy ha`m du`n`ya ju`zindegi xalıqlardın` ko`rkem ha`m milliy o`nerin joqarı da`rejede biletug`ın, tariyxta bolıp o`tken ha`diyseler ha`m ma`deniyatımızdı qa`dirley alatug`ın ka`mil insanlar bolıp jetisiwlerin ta`miyinlew bolıp tabıladı.

# ***I-BAP. Qa`lem su`wrettin` oqıtıw protsessindegi wazıypaları***

## ***1.1.Zattın` ko`lemi, du`zilisine qarap perspektivalıq jaqtan durıs su`wretley alıw***

Oqıw programmaları tiykarında alıp barılıp atırg`an su`wretlew o`neri sabaqlarının` durıs jolg`a qoyılıwı ha`r bir oqıtıwshı ushın ulıwma ta`limdi, estetikalıq ta`rbiyanı a`melge asırıw ha`m oqıwshılardı turmısqa ha`m miynetke tayarlawdı u`lken imkaniyatlar jaratıp beredi. Su`wreti sızdırılatug`ın na`rselerdin` forması, du`zilisi, ren`leri qusag`an xarakterli qa`siyetlerin ko`re alıw ha`m tu`sine alıw oqıwshılarda a`tiraptag`ı ko`rinislerden estetikalıq zawıqlanıw, onnan ta`sirler alıw jag`dayların payda etedi. Sonın` menen birge, olardın` do`retiwshilik pa`ziyletlerin, uqıpların, ko`rkem talg`amın ta`rbiyalaydı.

Oqıwshılar qandayda bir zattın` su`wretin yaki ta`biyat ko`rinisinin` su`wretip salıp atırıp, olardın` o`zine ta`n qa`siyetlerin qa`lem arqalı su`wretleydi.

Zattın` o`zine qarap yaki yadtan su`wret salıw sabaqlarında oqıtıwshı okıwshılardı su`wret salıwdın` tiykarları menen jaqınnan tanıstıradı. Realistlik su`wretlewdin` elementar tiykarların u`yretiw tiykarınan to`mendegiler menen baylanıslı boladı.

1. Zattın` ko`lemi, du`zilisi, o`zine ta`n bolg`an qa`siyetlerin, sonday-aq, olardın` bir-birine uksas ha`mde bir-birinen parıqlanatug`ın ta`replerin ko`re biliw ha`m usıg`an tiykarlanıp su`wretley alıw.

2. Zatlardı zatlar tu`rlerin esapqa ala turıp, perspektivalıq jaqtan durıs su`wretley alıw.

3. Jaqtılıq orayına qatnasında zatlardın` ko`lemin jarıq-saya ja`rdeminde su`wretlew.

4. Qa`lem menen islew ta`jiriybelerin payda etiw ha`m usı ta`jiriybeni shınıg`ıwlar arkalı turaqlı tu`rde o`siriw.

Su`wreti sızılıp atırg`an zatlar analiz qılıng`anda olardın` estetikalıq jaqtan qanday a`hmiyetke iye ekenligin so`ylep beriw lazım. Bunda oqıtıwshının` awızeki tu`rde tu`sindiriwi u`lken a`hmiyetke iye.

Sırtqı du`zilisi ha`mde ko`lemi jag`ınan ha`r tu`rli bolg`an, yag`nıy jen`il, jıltıraq, na`zik yaki jumsaq ha`mde usıg`an uqsag`an zatlardın` da su`wretin sızdırıp barıw oqıwshılardı ja`nede qızıqtıradı.

Su`wretti durıs ha`m ta`sirli etip islew, onın` ayırım detalların qızıqlı ha`m shıraylı etip beriw, zatlardın` boslıqtag`ı jaylasıwı ha`m jarıq-sayanı anıq beriw qusag`anlar oqıtıwshı ta`repinen oqıwshılarg`a ha`r bir sabaqta turaqlı tu`rde tu`sindirilip barılıwı lazım.

Zattın` o`zine qarap su`wret sızıwlar salıstırıw metodı birden bir durıs metod bolıp esaplanadı. Oqıwshılar bir na`rsenin` su`wretin su`wretley otırıp, onı dıqqat penen gu`zetip, ekinshi bir zat penen salıstıradı, olardın` ulıwma qa`siyetlerin koredi ha`m bir-birinen parıqlanatug`ın ta`repleri haqqında pikir ju`ritedi. Bunday salıstırıw oqıwshıg`a su`wreti salınıp atırg`an zattın` su`wretin onın` da`l o`zine uqsatıp islewine ja`rdem beredi. Oqıwshılardı zattın` o`zine qarap dıqqat penen baqlaw ju`rgiziwge u`yretiw, oqıtıwdın` baslang`ısh basqıshlarında u`lken rol` oynaydı. Oqıwshılar zattın` o`zine qarap, onın` forması, qatnasları, du`zilisi ha`m ren`lerin u`yrenedi ha`m usı aytılg`anlar tuwralı durıs tu`siniklerge iye boladı.

Ayırım oqıwshılar sabaqta zattın` o`zine qaramastan su`wretin salıp otıradı. Bunday oqıwshılar islegen su`wretti zattın` o`zine qarap jumıs islegen oqıwshılar sızg`an su`wretler menen salıstırılsa, olardın` arasındag`ı parıq da`rha`l seziledi. Yag`nıy zattın` o`zine qaramay su`wretlengen ko`rinistin` sapası pa`s boladı. Sonın` ushın zattın` o`zine qarap su`wret salıwg`a, olardı analiz islewge, su`wreti sızılg`an su`wretti zattın` o`zi menen salıstırıp turıwg`a u`yretiw oqıtıwdı tabıslı alıp barıwda a`hmiyetli basqısh bolıp tabıladı.

Egerde oqıtıwshı oqıwshılarg`a zatlarg`a karawdı u`yrete alsa, oqıtıwdın` usı tu`rindegi tiykarg`ı ma`sele sheshildi dep esaplawg`a mu`mkin boladı.

Su`wret salıw sabaqlarında a`hmiyetli ma`selelelerdin` ja`ne biri oqıwshılardı zatlardın` formasın ko`re alıwg`a u`yretiw bolıp tabıladı. Oqıtıwdın` da`slepki basqıshlarında usı ma`selelerdi a`melge asırıwda bir katar qıyınshılıq tuwıladı. Sebebi, bul basqıshta ko`lemli su`wret sızıwdı u`yretiwge tayarlanıw tiykarg`ı wazıypa bolıp esaplanadı. Oqıwshılarda baqlawshılıqtı o`sirip, ko`rgen na`rselerin analiz qıla alıw ha`m olar xaqqında tolıq pikir ju`ritiw boyınsha ma`lim da`rejede su`wret sızıwdı na`tiyjeli alıp barıw mu`mkin.

Sonday-aq, zatlardın` qaysı geometriyalıq formag`a tiyisli ekenligin anıqlag`an halda olardı perspektivalıq ta`repten su`wretlew boyınsha bilim ha`m ta`jiriybelerdi payda etedi. Naturanın` jaqtılıq orayına salıstırmalı jaylasıwın u`yrenedi. En` a`hmiyetlisi, zatlardı gu`zetiw arqalı qa`lem menen olardın` su`wretin islew ta`jiriybelerin payda etedi ha`m rawajlandıradı. Zatlardın` o`zine qarap su`wret sızıw sabaqlarında ha`r kıylı predmetlerdin` su`wretin sızıw menen birge, o`simlikler, gu`ller, terekler ha`m haywanlar su`wretleri de sızdırıladı. Su`wret sızıwdan aldın olardı analiz qılıw ha`m u`yreniw oqıwshılardag`ı en` jaqsı qa`siyet bolıp barlıqtı (qorshag`an ortalıqtı) biliwge xızmet etedi, olardın` bilim shen`berin ken`eytedi. O`simlikler ha`m haywanat du`n`yasın u`yreniw olardın` du`n`yag`a ko`z-qarasların qa`liplestiriwge ja`rdem beredi. Su`wret sızıw protsessinde oqıwshılardın` sanasının` o`siwi ha`m naturanı baqlaw, onın` o`zine ta`n bolg`an qa`siyetlerin belgilew, zatlardın` du`zilisin biliw menen baylanıslı sabaq o`tiw protsessinde zatlar xaqqında tu`qsinikler payda etiw, pikir ju`ritiw, olar haqkında oylap ko`riw, salıstırıw, uslap ko`riw, juwmaqlar islew oqıwshılarda pikirlew uqıbının` o`siwine na`tiyjeli ta`sir ko`rsetedi.

Qa`lem su`wret quramında zattın` o`zine qarap su`wret salıw insanlar ushın en` za`ru`r jag`daylardan biri bolg`an yadlap kalıw qa`siyetlerin o`siredi. Su`wretlew o`nerin oqıtıw programmasında oqıwshılarda bunday pa`ziyletlerdi o`siriwge qaratılg`an wazıypalarg`a ayrıqsha itibar qaratılg`an. Zattın` o`zine qarap su`wret sızıw sabaqlarında su`wreti sızılatug`ın zatlar oqıwshılardın` tu`siniw da`rejesine say bolıwı menen birge, olarda usı zatlarg`a ha`m olardı su`wretlewg`e qızıg`ıwshılıq arttırılıwı ju`da` u`lken rol` oynaydı. Sonday-aq, zatlarg`a qarap su`wret salıwda oqıwshılarda hawadag`ı zatlardın` jaylasıwın ko`z aldına keltire alıwı ha`m pikir ju`ritiwi o`stiriledi. Oqıwshılarda bul qa`siyetlerdi rawajlandırıwda, a`sirese ko`lemli predmetlerdin` perspektivalıq jaqtan su`wretin sızdırıwdın` roli de o`z aldına orın tutadı. U`sh o`lshemli zatlardı-olardın` boyı, ken`ligi, yag`nıy eni ha`mde qalın`lıg`ı qusag`an ko`rsetkishlerin tegislikte eki o`lshemde su`wretlew ha`m oqıwshılarda usınday pa`ziyletlerdi o`siriwge ja`rdem beredi. Su`wreti sızılıp atırg`an ko`lemnin` konstruktivlik du`zilisin analiz islew bolsa olardın` abstrakt pikirlew uqıbın o`stiriw menen baylanıslı.

Qa`lem su`wret boyınsha su`wret salıw gey bir adamlar oylag`anday an`sat jumıs emes. Bunın` ushın oqıwshı ko`p na`rseni u`yreniwi, bilimi jeterli, ma`lim mug`darda ta`jiriybege iye bolıwı, texnikalıq usıllardı biliwi, zeynin o`tkirlewi, qolın u`yretiwi za`ru`r boladı. Qag`az betine buyımlardı ha`m ko`rinislerdi haqıqıy etip ko`lemli su`wretley alıw ushın shıdamlılıq penen ju`da` ko`p shınıg`ıwlar islewi kerek. Su`wret salıwda su`wretlenip atırg`an zatlardın` arasındag`ı aralıq, jo`nelisi ha`m sızıqlardın` ha`mmesi ko`z benen g`ana shamalap islenip, sonın` tiykarında su`wret salıwg`a ko`nlikpe ha`m uqıplar payda bolıp baradı.

Su`wretlew o`neri sotsiallıq sana-sezimlerdin` bir forması sıpatında bizdi qorshag`an a`tirapımızdag`ı barlıqtı ken` ha`m ha`r ta`repleme u`yreniw na`tiyjesinde anıq pa`nlerge uqsap, ta`biyattı ilimiy jaqtan analiz etiw arqalı rawajlandıratug`ını ma`lim. Sonın` ushın su`wretlew o`neri boyınsha sabaq

alıp barıwshı oqıtıwshı ta`biyattı qa`nshelli ko`p su`yse ha`m baqlap u`yrense, ol sonshelli usı ta`biyattı su`wretlew salasında joqarı ko`rsetkishli na`tiyjelerge erisiwi mu`mkin.

Bunday na`tiyjeli jumıslardın` mısalı tariyxta ju`da` ko`p ushırasadı. Mısalı, oyanıw da`wirinde Evropada jasag`an xudojnikler ta`biyattı ilimiy analiz etip, onı tu`p-tiykarında u`yrengen ha`m o`zlerinin` shıg`armalarında isenimli etip su`wretlegen. Solardın` arasında Leonardo da Vinchi, Al`brext Dyurerler insannın` deneleri ag`zalarının` ha`r bir bo`legin matematikalıq da`rejede anıq o`lshemlerde u`yrenip, o`zlerinin` su`wretlerinde a`meliy qollang`an. İnsannın` figurası yaki portretin su`wretlewden aldın onın` du`zilsinin` qa`siyetlerin ha`m anatomiyalıq ta`jiriybeler o`tkergendey etip, negizli ta`rizde u`yrengen ha`m olardın` pu`tkil du`n`ya ju`zine belgili bolg`an ko`rkem o`ner shıg`armaların jarata alg`anlıg`ı ma`lim.

Oqıw qa`lem su`wretinin` ilimiy tiykarları oqıwshının` ha`r qıylı oqıw wazıypaların islew protsessinde su`wret salıwdın` nızam ha`m qag`ıydaların orınlanıwı sha`rt. Mısalı, baslang`ısh kurslarda gipsten islengen geometriyalıq formalardag`ı denelerdin` su`wretin sızıw boyınsha shınıg`ıwlarda oqıwshıdan usı buyımlardın` sızıqlı konstruktivlik du`zilisi ha`m perspektiva nızamlarına say isleniwi talap etiledi. İnsan tulg`asının` su`wretin sızg`anda oqıwshılar onın` anatomiyalıq qurılısların u`yreniwi ha`m hesh bolmag`anda usı salada elementar bilimlerge iye bolıwı kerek. Bunday wazıypalar joqarg`ı basqıshtag`ı oqıwshılarg`a qoyılg`an talaplar bolıp tabıladı, olar su`wretlew o`nerin oqıtıw sabaqların alıp barıw boyınsha oqıw programmalarında ko`rsetilgen boladı. Joqarı basqıshlarda ta`lim alıp atırg`an oqıwshılarının ha`r birinin` o`zine ta`n bolg`an individual su`wretlew texnikalıq qa`siyetleri rawajlana baslaydı. Olar ha`r bir tapsırmanı o`zine say bolg`an texnikalıq jaqtan a`melge asırıw menen birge qa`lem su`wrettegi bar bolg`an anatomiya nızamlar g`ana boysınıp jumıs alıp baradı. Bunday nızamlarg`a tiykarınan su`yek ha`m bulshıq etlerdin` jaylasıwı, birlesiwi, olardın` qatnasları ha`m

qurılısları, du`zilisler, jaqtılıq, saya ha`m basqalar kiredi. Nızamlıqlarg`a boysınıp jumıslardı a`melge asırıw barlıq pa`nler, ilim ha`m do`retiwshilikke ta`n na`rse bolıp esaplanadı. Ha`tteki su`wretlew o`neri qusag`an emotsional, ruwxıy ha`m estetikalıq ta`sir jasawshı qubılıs ha`m o`zine tiyisli bolg`an ko`rkem shıg`armalardı bir qatar nızamlarg`a boysıng`an halda jaratılıwın talap etiwi ta`biyg`ıy jag`day bolıp, do`retiwshi insanlar bolg`an xudojnikler, mu`sinshiler, arxitektorlar, teatr ha`m kino dekoratsiyası, dizaynerler ha`m basqa da qa`niygeler o`zleri ja`miyetshilik na`zerine usınıp atırg`an shıg`armaların, kompozitsiyalıq ko`riniisleri, eskizlerdi belgili nızam ha`m qagıydalar tiykarında orınlawı sha`rt ha`m usı nızamlıqlardın` shıg`armalar arqalı sa`wleleniwi joqarı baxalar menen bahalanıwı ma`lim. A`yyemgi Gretsiya xudojnikleri adam tulg`asın su`wretlew na`tiyjesinde ha`mde onı ilimiy analiz etip adam tulgasının` ta`biyattın` en` quramalı ha`m joqarı da`rejeli do`retpesi degen juwmaqqa kelgen. Dene bo`leklerinin` bir-birine qatnasları matematikalıq jaqtan anıq simmetriyalıq (qollar, ayaqlar ha`m basqa ag`zalar) bolıp su`wretlew dawamında xudojnikler o`zlerin ha`r ta`repleme estetikalıq ta`rbiyalag`an. Bir qarag`anda birewi birewi menen karama-qarsı bolıp seziletug`ın su`wretlew o`neri ha`m ilim ta`jiriybede biri ekinshisin tolıqtırıp qa`liplestiredi. Sana ha`m sezim, qabıl etiw, bilim, sezimtallıq ba`rqulla bir-birine jaqın baylanısta boladı. Solay etip, okıwshı oqıw wazıypasın durıs orınlawı ushın birinshi na`wbette su`wretlew o`nerinde qollanıwı za`ru`r bolg`an tu`rli nızam ha`m qag`ıydalarg`a a`mel qılıwı kerek. Bul nızamlılıqlar arqalı ol oqıw qa`lem su`wretin orınlawdag`ı birinshi da`rejeli buyımlardı bo`rttirip ko`rsetiwi, basqa formanın` xarakterli qa`siyetlerin anıq su`wretlewi ha`m ekinshi da`rejeli buyımlardı bolsa, ulıwma ko`rinislerde, a`piwayı, ko`zge onsha taslanbaytug`ın etip orınlawı kerek.

Su`wretlew o`neri tarawında, a`sirese oqıw qa`lem su`wretinde qollanılatug`ın nızamlılıqlar ta`biyat nızamlarınan kelip shıg`adı. Bul

nızamlar su`wretlew o`nerine jeterli da`rejede ta`sir etip, onın` rawajlanıwında u`lken a`hmiyetli orın tutadı. Su`wretlew nızamları oqıwshılarda qa`lem su`wret islew bilim ha`m ta`jiriybelerin qa`liplestiredi, do`retiwshilik uqıpların o`siriw ha`m onın` bolsa jumıslarında da puxta tayarlıqqa iye boladı. Su`wretlew o`neri barlıqtag`ı ha`diyseler ha`m qubılıslar ha`mde zatlardın` tek g`ana sırtqı formaların su`wretlewi, al, usı zatlar ha`m buyımlardın` ishki du`n`yasın, a`tiraptag`ı waqıyalar, jag`daylardı analiz ete otırıp sa`wlelendiriwdi ta`miyinleydi. Sonın` ushın, oqıwshılar oqıw protsessinin` da`slepki basqıshlarınan baslap su`wret sızıwdın` tiykarg`ı nızamları menen tolıq qurallangan bolıwı, sonday-aq, tariyxta jasap, do`retiwshilik penen shug`ıllang`an ullı xudojniklerdin` do`retpeleri ha`m su`wret sızıw texnikalıq usılların teren` u`yrenip barıwı, su`wretlew o`neri tarawında belgili bolg`an stil` ha`m ag`ımlar, keyingi da`wirde islenip atırg`an jumıslar, do`retiwshilik babındag`ı zamanago`y jan`alıqlardı bilip, olar menen jaqınnan tanısıp barıwı maqsetke muwapıq.

Qa`lem su`wret haqqında so`z etkenimizde onın` su`wretlew o`neri tu`rlerinin` tiykarı bolıp tabılatug`ının atap o`tiw kerek. Sebebi, xudojnik su`wretlew o`neri tiyisli bolg`an qaysı tarawda jumıs islemesin qa`lem su`uretke tayana otırıp o`z jumısın ko`rsete aladı. Bunda ol o`zinin` baqlawların, u`lken-u`lken do`retpeler jaratıwdag`ı izleniwleri a`wele qa`lem menen islengen da`slepki sızbalar menen ko`rsetedi. Ko`rkem o`ner shıg`armalarının` jaratılıwındag`ı wazıypalar bolsa usı orınlang`an sızbalar xudojnikke ja`rdemshi o`lshemler xızmet qıladı. Xudojnik ha`r qanday kartina jaratıwdı qa`lemnen baslaydı. Sonnan keyin g`ana usı do`retpe ren`ler jılwası arqalı tamashago`ylerge estetikalıq zawıq bag`ıshlaydı. Basqa so`z benen aytqanda, qa`lem su`wretsiz hesh bir su`wret do`retiliwi, xudojnik bolsa o`zinin shıg`armasın jetik, tamamlang`an ko`riniske keltire almaydı.

Sonın` menen bir qatarda, qa`lem su`wret basqa su`wretlew o`neri tu`rleri arasında bo`lek o`zinshe tamamlang`an ko`rkem shıg`arma bolıpta

xızmet etiwi mu`mkin. Grafikalıq do`retpelerdi islewde qollanılatug`ın tush`, pastel`, sangina, ugol` (ko`mir), sous, qa`lem menen orınlang`an ko`plep du`rdanalar du`n`ya ju`zindegi ko`plep belgili ko`rkem o`ner muzeylerinde ha`m ko`rgizbelerde qoyılıp, stanoklı jivopista orınlang`an kartinalar menen bir qatarda joqarı bahalanıp, tariyxta belgili orınlardı iyellep atırg`anı ma`lim. Stanoklı grafika jumısların alıp qaraytug`ın bolsaq, bul jerde de qa`lem menen jumıs baslanatug`ının atap o`tiw orınlı.

Ulıwma alg`anda, bizin` turmısımızda ha`m jumıslarımızda qa`lem su`wrettin` ornı a`hmiyetli. Qa`lem su`wret sabaqları ko`rip gu`zetip su`wretlew, boslıqtı qabıl etiw, qol, sana ha`m seziw organların qa`liplestiriwde tek g`ana keleshekte xudojnik bolıwg`a umtılıp atırg`an jaslar, ba`lki tu`rli-tu`rli ka`sipler tarawındag`ı insanlarg`a da ju`da` za`ru`r. Qa`lem su`wret sabaqları basqa qa`niygelik pa`nleri qatarında bolajaq xudojnik-pedagoglardı tayarlawda tiykarg`ı o`lshem bolıp esaplanadı. Qa`lem su`wret sabaqları oqıwshılarg`a teoriyalıq ha`m a`meliy shınıg`ıwlar qatarında teoriyalıq bilimler de qa`niygelerdin` keyingi pedagogikalık, do`retiwshilik ha`m ilimiy iskerliginde de a`hmiyetli orın tutadı. Su`wretlew o`neri oqıtıwshısının` jetik ta`jiriybege iye bolıwında tek g`ana a`meliy bilimlerdin` o`zlestiriliwi jeterli emes, al su`wretlew o`nerinin` teoriyalıq tayarlıg`ının` puxtalıg`ına da baylanıslı. Bolajaq pedagog-xudojniklerge ullı xudojnik ha`m su`wretlew o`neri salasında ko`plegen teoriyalıq a`meliy bilimlerdi miyras qılıp qaldırg`an adamlardın` o`neri ha`m do`retiwshiligi menen tanıstırıw, olardın` shıg`armaların teren` u`yreniw de u`lken a`hmiyetke iye.

## 1.2. Bolajaq su`wretlew o`neri oqıtıwshılarına qa`lem su`wret sabaqlarında qoyılatug`ın tiykarg`ı nızamlar

Qa`lem su`wret sabaqları qa`niygelik oqıw pa`nlerinin` negizi sıpatında bolajaq su`wretlew o`neri oqıtıwshılarına to`mendegi tiykarg`ı nızamlardı u`yretiwdi maqset etip qoyadı.

1. Kompozitsiya tiykarları.
2. Sızıqlı konstruktivlik du`zilis.
3. Buyım ha`m zatlardın` o`z-ara qatnasları.
4. Perspektiva nızamlılıqları.
5. Ha`reketti baklaw.
6. Orınlanıp atırg`an wazıypadag`ı jaqtılıq ha`m sayalardın` nızamlılıqları.
7. Su`wretlewdi metodikalıq izbe-izlikte durıs orınlaw.

Usı ko`nlikpe ha`m ta`jiriybeler oqıwshılardın` oqıw shınıg`ıwların orınlaw arqalı rawajlanıp baradı. Qa`lem su`wrette tolıq tamamlang`an shıg`armalardı jaratıw xudojnikten u`lken gu`zetiwdi, zattın` o`zine qarap su`wret salıw ta`jiriybelerin, usı bag`darda qollanılatug`ın nızam ha`m qag`ıydalarg`a boysıng`an halda qalem menen jumıs islewde sheberlik ha`m ta`jiriybeni talap etedi. Bulardın` ba`rshesine jetisiw ushın qızıg`ıwshılıq, teoriyalıq bilim ha`m ta`jirybeni arttırıw ushın u`zliksiz shınıg`ıwlar alıp barıw kerek bolatug`ının atap o`tiw za`ru`r.

Tek sol jag`dayda g`ana jeterli da`rejede sheberlik ha`m bilimge iye bolıw mu`mkin.

Qa`lem su`wret pa`ni ko`rkem-grafika fakul`tetlerinde oqıtılatug`ın barlıq arnawlı pa`nlerdin` tiykarı bolıp esaplanadı ha`mde olardın` arasındag`ı tikkeley baylanıstı ta`miyinleydi. Qa`lem su`wret boyınsha jetkilikli bilim ha`m uqıplardı iyelew u`lken a`hmiyetke iye. Bunday uqıpları bolmastan turıp oqıwshılar kompozitsiya, ren`li su`wret, mu`sinshilik, xalıq milliy ha`m

dekorativlik qol o`neri ha`m basqa pa`nlerdi joqarı da`rejede o`zlestire almaslıg`ı ta`biyg`ıy. Ha`zirgi waqıtları pedagogikalıq institutlardag`ı ko`rkem-grafika fakul`tetlerinde qa`niygelik pa`nler, sonday-aq, oqıw qa`lem su`wret shınıg`ıwların oqıtıwdın` teoriyalıq ha`m metodikalıq tiykarların islep shıg`ıw ha`m usı aytılg`anlardı ilimiy jaqtan tiykarlangan jan`a jolı, tu`ri, mazmunı ja`ne metodların ja`nede jetilistiriw ha`m tolıqtırıp barıw en` aktual ma`sele bolıp esaplanadı. Olardın` arasında su`wretlew o`neri bilimi ma`mleketlik standartlar tiykarında jaslarg`a su`wretlew o`neri shınıg`ıwların oqıtıwdın` ha`zirgi jag`dayın anıqlaw ha`m onın` keyingi jıllarg`a mo`lsherlengen keleshek jolların islep shıg`ıw, su`wretlew o`neri oqıtıwshısı qa`niygeligi boyınsha joqarı okıw orınlarında qa`niyge-pedagog tayarlawshı mekemelerdin` is-ha`reketlerin ilimiy metodikalıq ta`repten analiz islew, su`wretlew o`neri oqıwshıların tayarlawda jergilikli dereklerden paydalanıwdı ken`nen jolg`a qoyıw arqalı jaslardı maman qa`niyge bolıp jetisiwin ta`miyinlew ha`m ku`shli talg`amg`a iye, watang`a sadıq, milliy ha`m du`n`ya xalıqları o`nerin jetik biletug`ın, o`tmish ma`deniyatımızdı su`yip qa`dirley alatug`ın insanlar bolıp jetilisiwlerin ta`miyinlew bolıp tabıladı. Bolajaq xudojnik-pedagoglar su`wretlew o`nerinin` quralları haqqında teren` mag`lıwmatqa iye bolıwı, ha`r tu`rli ko`rkem materiallardın` qa`siyetleri ha`m olardın` jolların jaqsı iyelewi kerek. Oqıtıwshı qa`lem menen jumıs islew ta`jiriybesine iye bolıwı menen bir qatarda, usı tarawdag`ı teoriyalıq ja`ne ta`jiriybelik-a`meliy bilimlredi oqıwshılarg`a jetkerip bere alıwıda za`ru`r. A`piwayı geometriyalıq formadag`ı denelerden quralg`an natyurmorttan baslap, wazıypalardı metodikalıq izbe-izlik penen quramalastırılıp barıw, forması, du`zilisi ha`m materialı ha`r qıylı bolg`an bir qatar zatlardan ibarat natyurmortlar du`zip, olardın` su`wretin salıw su`wretshilik sırların u`yretiwde isenimli ha`m sınalg`an jol. Sonın` ushın  qa`lem su`wret pa`ni su`wretlew o`nerinin` o`zgesheliklerin u`yreniwde u`lken a`hmiyetke iye bolg`an orındı tutadı.

## *II-BAP. Qa`lem su`wret tu`rlerin ko`rip shıg`ıw*

### *2.1. Qa`lem su`wret ha`m eskizler haqqında tu`sinik*

Ulıwma ta`lim beriwshi mektepleri, akademiyalıq litsey ha`m ka`sip-o`ner kolledjleri ushın ha`r ta`repleme jetik su`wretlew o`neri oqıtıwshıların tayarlaw joqarı ta`lim sistemasında alıp barılatug`ın ha`r bir oqıw predmeti, sonın` ishinde qa`lem su`wret boyınsha teoriyalıq a`meliy ta`repinen ha`m onın` tu`rlerin puxta oqıtıw menen belgilenedi. Oqıwshılarg`a tabıslı ta`lim beriw qa`lem su`wretti eki tu`r bag`darında alıp barıwdı talap etedi :

1. Zatlardı o`zine qarap su`wretlewdin` uzaq mu`ddetke (ko`p seanslı qoyılma ha`m naturalar) arnap shınıg`ıwlar beriw.

2. Qısqa mu`ddetli qa`lem sızba ha`m qaralamalar islew.

Joqarı ta`lim ha`m su`wretlew o`neri menen shug`ıllanıwshı barlıq ko`rkem oqıw orınlarında mine usı eki tu`rli usıl bir-birine tolıqtırg`an ha`m baylanıslı ta`rizde alıp barılıwın talap etedi. Bul usıldı ta`lim-ta`rbiya beriw bolajaq su`wretlew o`neri oqıtıwshıların pedagogikalıq xızmetke puxta tayarlaydı. Uzaq mu`ddetke arnap du`zilgen qoyılmalardı o`zine qarap su`wretlew dawamında oqıwshı jaslar qa`lem su`wretke tiyisli nızamlar ha`m qag`ıydalardı teren`nen o`zlestiredi ha`m buyımlardın` konstruktivlik du`zilislerin tiykarlı ra`wishte u`yretedi. Sonday-aq, na`rselerdin` o`zine qarap haqıqıy su`wretlewdin` belgili bir basqıshları menen jaqınnan tanısadı. Qa`lem sızba ha`m qısqa mu`ddetli qaralamalar islew arqalı buyımlardı ulıwma xarakterli bo`leklerin tez o`zlestirip alıw ha`m su`wretlew uqıpların rawajlandıradı.

Qa`lem sızba ha`m eskizler. Har bir akademiyalıq qa`lem su`wret oqıw wazıypası onın` qanday a`piwayı yaki quramalı bolıwına qaramastan ja`rdemshi materiallar tiykarında orınlanıwın talap etedi. Bunın` ushın oqıwshı qalem sızba ha`m qaralama-eskizler orınlawı kerek ekenligi o`z-o`zinen ko`rinedi.

Qa`lem sızba ha`m eskizler oqıw wazıypalardın`  mazmunınan kelip shıg`ıp ha`r tu`rli maqset ha`m wazıypalarg`a iye. Olardın` tiykarg`ıları to`mendegilerden ibarat.

- U`y buyımları, materiallar, inter`er, zamanagoy arxitekturalıq estelikler, ta`biyat ko`rinislerin haqıqıy  su`wretlewge u`yretiw;
- Haywanat du`n`yası ha`mde insan tulg`asının` anatomiyalıq du`zilisin, dene ag`zalarının` qatnasların haqıqıy qılıp su`wretlew;
- Su`wretlew oneri shıg`armalarının` kompozitsiyaları, olarda qatnasıwshı insanlar tulg`ası, psixologiyalıq jag`dayı, ha`reketi, otırg`an yaki turg`an jag`dayı, basqa da buyımlar ha`m na`rselerdin` du`zilisinin` o`zgesheligin tolıg`ı menen su`wretlewdegi a`hmiyeti ;
- Su`wretlew o`neri nızamları ha`m qag`ıydaları sızıqlı ha`m faza perspektivası nızamlılıqları, buyımlardın` konstruktivlik du`zilisleri ha`mde jaqtı ha`m saya qatnasları;
- Su`wretlenip atırg`an adamlardın` ishki sezimleri, psixologiyalıq ha`m xarakterli a`detleri, fizikalıq ku`sh-qudiretlerin su`wretlep barıw.

Uzaq muddetke mo`lsherlengen qa`lem su`wret oqıw wazıypasın tabıslı orınlaw ju`da` quramalı do`retiwshilik protsessii bolıp, ol oqıwshılardan teoriyalıq bilim ha`m a`meliy ko`nlikpelerdi qay da`rejede iyelegenliginen derek beredi. Ulıwma tayarlıqsız oqıwshı qoyılmanı su`wretlewde jumıstı neden baslap qanday dawam ettiriwdi bilmeydi ha`m buyımdı o`z betinshe tuwrıdan tuwrı ko`shire baslaydı. Na`tiyjede buyımnın` ulıwma ko`lemi, konstruktivlik o`zgesheligi, su`wret penen onın` tu`p nusqası ortasında u`lken qarama-qarsılıq bar ekenligi belgili bolıp qaladı. Bunnan juwmaq tapsırmalardın` tabıslı shıg`ıwı ushın natyurmort boladıma yaki insan tulg`asının` akademiyalıq qa`lem su`wretin da`slep ha`r tu`rli tochkalar ha`m jag`daylardan ko`plep qa`lem sızba ha`m eskizler orınlawdı talap etedi. Sebebi qoyılg`an naturadag`ı barlıq buyım ha`m na`rselerdi qalem sızba arqalı

tez orınlaw protsessii de olardı tez baqlap elesletip, su`wretlewshi sanasında bir qansha waqıt saqlanıp ornalasıp qaladı. Tiykarg`ısı su`wretlew ushın qoyılg`an buyım ha`m na`rselerdi bo`lek halında emes, pu`tin ha`m pu`tinlikte ko`riw mu`mkinshiligi jaratıladı.

Oqıw qa`lem sızba ha`m qaralama eskizler wazıypanın` mazmunınan kelip shıg`ıp, ha`r tu`rli material ha`m usıllarda orınlanıwı kerek. Ko`lemi bolsa a`piwayı bolg`an shırpı qutısınan baslap, u`lken o`lshemlerde de bolıwı mu`mkin. Olar a`piwayı jumsaq grafit qa`lemlerde, so`ndirilgen ko`mir tayaqshalarında, sous, tush`-ushlıq, sangina, akvarel` ha`m qıl qa`lemde ha`r tu`rli qag`azlarda, kartonlarda orınlanıwı mu`mkin.

Bizdi qorshap turg`an ortalıqtı u`yreniw, onı haqıqıy obrazlarda su`wretlew ushın, insanlardın` o`z-ara mu`na`sibetleri jag`dayı, psixologiyalıq keshirmelerin janlı su`wretlew ha`mde bolajaq kartinalar ushın ko`plep materiallar toplaw boyınsha arnawlı naturalar du`ziw sha`rt emes. Auditoriya, keselxana, ba`ndirgiler, asxana yamasa du`ka`nlarda, vokzal yaki aeroport imaratlarında insanlardın` o`z-ara so`ylesiwleri, toparlasıp turg`an adamlardın` jag`dayların bir neshe minutli qa`lem sızbalardı ko`plep su`wretlew oqıwshılardın` bolajaq su`wretlew, ko`rip islep qalıw uqıbın rawajlandıradı. Qısqa mu`ddetke islengen ha`r qıylı qa`lem sızbalardı ko`rip shıg`ıwg`a boladı.

Qa`lem sızbalar anıq maqsetli, oqıw programmasında ko`rsetilgen anaw yaki mınaw wazıypalar tiykarında da orınlawı mu`mkin. Bunda qoyılg`an natura ha`r tu`rli tochkalardan baqlanıp qısqa mu`ddetli sızbalardı islewdi talap etedi. Sonnan keyin anıq bir rakurstan, uzaq mu`ddetli wazıypanı tabıslı orınlaw mu`mkin boladı.

Portret sızıwda adamnın` betinin` bo`leklerin ha`r tu`rli jag`daylardan qarap ko`rip qa`lem sızba orınlaw oqıwshıda perspektiva nızamları buyım formalarının` tu`sleri, ko`lemi, qatnasları haqqında tolıq mag`lıwmatlarg`a iye bolıwınan derek beretug`ının aytıp o`tiw orınlı. Bet bo`leklerinin` qa`lem

sızbaları sızıqlı konstruktivlik ha`mde tolıq sızıp pitkerilgen su`wretler bolıwıda mu`mkin.

Joqarıda aytılıp o`tilgenindey qa`lem sızba, qaralama eskizler ha`r tu`rli o`lshem materialar ha`m ha`r qıylı mu`ddetlerde orınlanıwı mu`mkin.

Adamnın` ishki psixologiyalıq keshirmeleri, sezimleri, kewil keshirmeleri, qorqınısh, qayg`ı, tınıshsızlanıw, quwanısh, ra`ha`tleniw, oyg`a shu`miw qusag`an ha`m basqa da jag`dayları onın portreti-bul ko`rinisi arqalı ko`riwshige tolıg`ınsha sızıp ko`rsetiledi. Bul bolsa ju`da` juwapkerli ha`m kuramalı jumıs protsessii bolıp, oqıwshının` wazıypaların joqarı da`rejede orınlawı ushın qaralama eskizler orınlanıwına tuwra keledi.

Akademiyalıq qa`lem su`wret oqıw wazıypalarının` qa`lem sızba ha`m qaralama eskizler tiykarında auditoriyalarda islew dawamında alg`an bilim ha`m uqıpların oqıwshılar o`z betinshe inter`er ha`m ta`biyat qoynında su`wret sızıw arqalı bekkemlewleri u`lken a`hmiyetke iye. Bulardın` tema tiykarında orınlang`an su`wretler ha`mde tez qa`lem sızbalar bolıwı mu`mkin.

Ta`biyat ko`rinisinin` su`wretin sog`ıw dawamında oqıwshılar gorizont sızıg`ı, ko`riw tochkası, ko`riw maydanı, su`wret tegisligi, hawa perspektivası, sızıqlı perspektiva, jaqtı-sayalar nızamlılıqların o`zlestiriw menen bir qatarda su`wretlenip atırg`an ob`ekttegi shaqalar ha`m tereklerdin` formaları, haywanat du`n`yasının` anatomiyalıq du`zilisi o`zgeshelikleri, taw-taslardın` ko`rinislerin haqıqıy obrazlarda su`wretlewdi u`yrenedi. Ta`biyat ko`rinisi – peyzaj qa`lem su`wretin islew ayırım oqıwshılardın` oylag`anınday an`sat jumıs emes. Bunın` ushın oqıwshılar ko`p na`rselerdi u`yreniwi, biliwi, ma`lim ta`jiriybelerge iye bolıwı, zeynin o`siriwi, qolın u`yretiwi za`ru`r boladı. Qag`az betinde buyımlar ha`m ko`rinislerdi haqıqıy ta`rizde ko`lemli qılıp su`wretley alıw ushın sabırlılıq penen ju`da` ko`p shınıg`ıwlar o`tkeriwleri kerek. Su`wret sızıwda su`wretlenip atırg`an na`rselerdin` arasındag`ı aralıq, bag`darı ha`mde sızıqlardın` ba`rshesi ko`z benen shamalap sızılıwı, tsirkul`, sızg`ısh ha`m basqa ja`rdemshi maslamalar

isletilmesligi kerek. Usınday shamalap sızıwg`a ko`nlikpeler ju`zege kelip baradı. Ayırım adamlar ko`z benen shamalap ko`riw qa`siyetlerine iye bolıp, bul qa`siyetleri jaqsı rawajlangan boladı, al basqa birewlerdi bunday qa`siyetler onsha rawajlanbag`an bolıwı mu`mkin. Bul qa`siyet su`wret salıwda formalardı durıs an`lay alıw qusag`an en` kerekli sıpatlardan bolıp, onı ba`rqulla bir qa`lipte rawajlandırıp barıw kerek boladı. Bir qa`lipte tınbastan shınıg`ıwlar ju`rgize beriw na`tiyjesinde aldınıraq ju`da` qıyın bolıp ko`ringen na`rselerdi su`wretlew kem-kemnen an`satlasıp bara beredi. Ha`wesker xudojnik-oqıwshı peyzajdın` qa`lem su`wretin jarata turıp, su`wret sızıwdın` tiykarg`ı nızam ha`m qag`ıydaların jaqsı o`zlestirip alıwı ju`da` za`ru`r ekenligine isenimi artıp baradı.

Oqıwshı ta`biyat ko`rinislerinin` su`wretin sızıwg`a shekemgi bolg`an da`wirde natyurmort su`wretin sızıwdı tolıq o`zlestirip alg`an bolıwı ha`r qanday predmetti perspektiva nızamlarına muwapıq ko`lemdi ko`rsetip su`wret salıwda qıynalmaslıg`ı, qa`lemde su`wret sızıw texnikasın puxta iyelewge erisken bolıwı kerek. Ayırım oqıwshılar peyzaj su`wretinin` u`stinde is alıp bara turıp, peyzaj basqa su`wretlew o`neri janrlarına qarag`anda an`satıraq dep oylap, onda anıqlıq, sızıqlardın` na`zikligi qusag`an sıpatlar talap etilmeydi, tolıq ko`riniste uqsatıp su`wretlemese de boladı, erkin kompozitsiya sheshimlerine jol qoyıladı ha`m aqırında ta`biyat ko`rinislerin qa`legeninshe ulıwmalastırıwg`a mu`mkin, basqa da erkinliklerge jol qoyıladı, degen qa`te pikirden o`zin awlaq tutıwı kerek. Ta`biyattı jaqsılap gu`zetiw ha`m u`yreniw, qa`lemde su`wret sızıwdın` ba`rshe qag`ıydaları, na`zik ta`replerin o`zlestirip alıw, ta`biyattın` ha`r qanday ko`rinisin su`wretley biliw ta`jiriybesinin` payda bolıwının` negizi bolıp tabıladı. Oqıwshı ta`biyattan alg`an ta`sirlerin, onı qızıqtırg`an, itibarın tartqan barlıq na`rselerdi ko`binshe qıyın da`ptershelerinshe qısqasha jazıw yaki bir minutlıq qa`lem su`wret arqalı belgilep barıwı kerek. Olardın` arasında adamnın` bet-a`lpeti ha`m ju`zinin` du`zilisi, ta`biyat ko`rinisleri, haywanlar,

quslar, bo`lek turg`an terekler ha`m olardın` ayırım bo`lekleri, tu`rli-tu`rli basqa na`rselerdin` su`wretleri bolıwı mu`mkin. Bunday tezlik penen jumıs islew na`tiyjesinde islengen u`zindiler ju`da` paydalı. Olar yadlap qalıw uqıbın, dıqqattı, ko`rilgen na`rseni  da`rriw an`lap alıw uqıbın o`siredi. Turmıslıq bayıtıwg`a ja`rdem beredi. Solay etip, jas xudojnik na`rsenin` o`zine qarap su`wret salıw boyınsha shınıg`ıwlar islep baradı ha`m sonın` menen birge o`zinde gu`zetiwshilikti ta`rbiyalap, ta`biyat jag`dayların ha`m ko`rinislerin jaqsı u`yrenedi. O`zinin` uqıbı ha`m bilimin peyzaj islewge bag`darlawdı qa`lewshilerge ju`da` ken` jumıs islew maydanı bar. Ha`r bir su`wret salıw menen shug`ıllanıwdı baslap atırg`an adam o`zinin` jumıslarının` negizinde ta`biyat, yag`nıy natura bolıwı kerek. Ha`r bir adam naturadan qarap su`wretin saladı eken a`wele ko`rip turg`an na`rselerdin` o`zin su`wretlewge ha`reket qıladı. Keyinirek ta`sirleri arqalı eslep qalg`an a`hmiyetli da`lilleyler tiykarında da kompozitsiyalar jaratıwg`a umtıladı.

Ta`biyatta bir-birine uqsas jerler ulıwma ushıraspaytug`ını ma`lim. Ha`r bir ko`rinis o`zine ta`n, biyta`krar boladı. Tu`rli ob`ektler ha`m na`rselerdin` bir-birine qatnaslı jaylasıwındag`ı tu`rli-tu`rli ko`rinisler bizge sonshelli bay material bere aladı, onı o`mir boyı u`yrenip te shegine jetip bolmaydı. Geyde ayırım na`rseler arasındag`ı parıq bir qarag`anda-aq da`rha`l ko`zge taslanadı. Ayırım hallarda bolsa olardın` parqı ju`da` na`zik, sezilersiz bolıp, bir-birinen ajıralıp turatug`ın qa`siyetlerin anıqlap, ajıratıp alıw ushın uzaq mu`ddet dıqqat penen gu`zetiwge, ha`r bir bo`lek-bo`lek, jeke halda su`wretlewge tuwrı keledi. Bunı a`sirese endi-endi ta`biyat ko`rinislerin islewdi u`yrene baslag`an jas xudojnik jaqsı biliwi kerek. Sebebi ol ta`biyattı gu`zetiwde ele ta`jiriybesiz boladı, su`wretin sızıp atırg`an na`rselerge kem karaydı. Mısal ushın, og`an tog`aydag`ı tereklerdin` ba`rshesi bir-birinen parıq qılmaytug`ınday bolıp ko`riniwi mu`mkin. Na`tiyjede onın` sızg`an peyzajlarında da bir qıylı ko`rinisdegi bir qatar terekler payda boladı. ol aspandag`ı bultlardı da bir qıylı etip su`wretin sızadı ha`m aqırında islengen

jumıs zerigerli, ta`sirsiz, qızıq emes bolıp shıg`adı. Jas xudojnik birinshi ma`rte ta`biyattan qarap su`wretin sala turıp, ko`rip turg`an na`rselerdi tap o`zindey anıq ko`shirip alıwı kerekke uqsap turadı. Biraq ol o`zin qorshag`an a`tiraptı dıqqat penen gu`zetip, qarsı aldında sonshelli ren`-ba`ren` qubılıs, na`rselerdin` turg`anın an`lap, olardın` ha`mmesin maydalap, ha`r bir bolegin anıqlap su`wretlep shıg`ıw hesh mu`mkin emes ekenligin tu`sinip aladı.

Mısalı, terektin` su`wretin salıp atırıp onın` qansha japırag`ı bar ekenin emes, al onın denesinin` tiykarı qanday formag`a iye ekenligine, shaqalarının` neshew ekenine emes, olar tiykarg`ı shaqalarının` a`tirapında qanday jaylasqanlıg`ına, qanday qıyalıqta ko`riiniwine ha`mde terektin` qabıg`ının` ha`r bir bu`rmesine emes, ba`lki onın` denesinin` sırtkı ko`rinisinin` o`zine ta`n bolg`an qa`siyetli belgilerine, forması ha`m xarakterine itibar beremiz. Sonshelli ko`p, onlap shaqalalardan ayırımlarına g`ana-en` ko`zge taslanıp turg`anının` su`wretin sızamız, al, basqaların bolsa ulıwmalastırıp ko`rsetemiz. Onı ko`lemli, bo`rttirilgen bolıp ko`riniwine saya ha`m jaqtılıq arqalı erisiwge boladı. Su`wreti sızılg`an terekke qarag`anımızda ol ta`biyatta qanday bolsa, sonday ko`rinistegi sezimlerin tuwdıra alatug`ın bolıwı kerek. A`tirap ortalıqtag`ı na`rselerdegi bo`lek-bo`lek qa`siyetlerge iye jag`daylardı taba alıw ju`da` u`lken a`hmiyetke iye. Suwda ko`binshe ju`zip ju`rgen japıraqlar, sıng`an terek shaqaları, suw otları qa`siyetli bolıp, xudojnik olardı su`wretlep a`ne usı jerdin` mazmunına ta`n bolg`an bolek jag`daydı su`wretleydi.

Su`wrette ko`rsetilip atırg`an jag`daylardın` sanı, su`wret salıp atırg`an adamnın` aldına qoyg`an maqsetlerine muwapıq, ha`r qıylı bolıwı mu`mkin. Qısqa mu`ddetli su`wret sızılıp atırg`an bolsa ba`rshe na`rselerdegi ayırım bo`leklerdi birme-bir su`wretlep shıg`ılmaydı. Eger uzaq mu`ddette islenetug`ın dawamlı qa`lem su`wret jaratılıp atırg`an bolsa, bul mazmundag`ı temag`a mas bolg`an hamme belgilerdi ha`m bo`leklerdi anıqlap

su`wretlenedi. Biraqta, usında da ma`lim ulıwmalastırıwlardan paydalana otırıp jumıs alıp barıladı.

Ayırım jag`daylarda su`wreti sızıla baslag`an su`wret gey bir sebeplerge ko`re tamamlanbay qaladı. Sonda su`wretti naturag`a qaramay aqırına jetkeriw mu`mkinbe, degen sawal tuwıladı. Temag`a baylanıslı bolg`an gu`zetilgen peyzaj qıyalda saqlanıp turg`anda onı biraz dawam ettiriw, ayırım jerlerin tolıqtırıwg`a boladı. Biraq bunday waqıtları su`wretin tamamlanbay qaldırılıwı maqul boladı. Sebebi, su`wret az waqıt dawamında sızılg`an bolsada onda ma`lim da`rejede ta`biyat haqıyqatı sa`wlelengen boladı. Naturag`a qaramay  su`wreti sızılg`anda bolsa, haqıqıy bolıp shıqqan ko`rinisti joqqa shıg`arıp qoyıw mu`mkin. Jas xudojnik ko`zinin` aldında ko`rinip turg`an ha`r qanday peyzajdı su`wretlewi mu`mkin, biraq bul onın` ta`biyattan kerekli temag`a baylanıslı jag`daylardı da`rha`l taba aladı degen ga`p emes. Geyde ol tema ha`m kerekli ta`biyat ko`rinisin izlep ko`p waqıtın sarıplaydı. Ayırım jag`daylarda su`wreti sızılıwı kerek bolg`an terekler xudojniktin` ko`zi iletug`ın ken`islikte jaylaspastan, taram-taram ko`riniwi, ju`da` jaqın yaki uzag`ıraqta basqa a`tiraptag`ı buyımlarg`a baylanıssız ko`riniste jaylasqan bolıwı mu`mkin. Egerde oqıwshı ta`biyattı qanday ko`rse ha`m da`l solay su`wretlese, onın` qag`azının` betinde de tap sonday ma`nissiz su`wretler payda boladı.

Natyurmort yamasa inter`er ko`rinisinin` su`wretin sızıwg`a kelgenimizde sızılıp atırg`an su`wrettin` teması ha`m mazmunına maslap predmetlerdin` orınların o`zgertiriwge boladı. Ta`biyattag`ı qandayda bir predmettin` su`wretin salıw kerek bolıp qalg`anda da jokarıda aytılg`anday sıyaqlı jumıs an`sat ko`shedi. Mısalı, bag`dag`ı orınlıq yaki tog`ay shetindegi terekti ha`r qanday tochkadan turıp sızıw imka`niyatı bar. Ken`islikte ta`biyat ko`rinisin islewde bolsa anag`urlım qıyınraq bolıp, onda ju`da` ko`p predmetler bar boladı ha`m olardın` ha`r birinin` orınların qalegenshe o`zgertirip otırıw mu`mkin emes. Bunday sharayatta na`rselerdi qolaylastırıp

jaylastırıw ushın to`mendegishe jol tutıw mu`mkin. Bunda jaqsısı, bo`lek-bo`lek ob`ektler bir-birine salıstırmalı en` qolaylı baylanısqan, ja`mlengen bolıp ko`rinetug`ın tochkanı tabıw kerek ekenligin biliw.

Eger terek ko`riw maydanının` ortasında ko`rinse ha`m sızılıp atırg`an ko`rinis kompozitsiyada onda sulıw emes bolıp jaylasqan bolmasa, onda biz on` yaki shep ta`repke o`tip, terektin` kerekli jag`dayda ko`riniwine erisiwimiz mu`mkin. Bunday, ko`z aldına keltiriw arqalı «orın almastırıw» peyzajda da, natyurmortda da qollanıladı. Barlıq, a`tirap-ortalıqtan kelip shıqqan halda jaratılatug`ın haqıqıy su`wretlew o`nerinde mazmunsız shıg`armalar bolıwı mu`mkin emes. Sonın` ushın oqıwshı ta`biyat ko`rinisleri temasına baylanıslı jumıs alıp barıwdı baslap atırıp, da`slep o`zi ta`biyattın` mu`yeshinin` mazmunı nede ja`mlengen ekenin an`lag`an halda, ondag`ı ayırım na`rselerdin` su`wrettegi rolin anıqlap, qaysı biri negizgi, qaysı birewleri ekinshi da`rejede ha`m arqa fon wazıypasın o`tewin anıq belgilep alıwı kerek.

Ha`r bir su`wretlew o`neri shıg`armalarında – natyurmortda yaki quramalı kompozitsiyada da ba`rqulla tiykarg`ı –oraylıq predmet bolıwı sha`rt ekenligi ma`lim. Tıyanaqlı tema mazmunın belgilewshi tiykarg`ı predmetler kompozitsiyanın` orayı bolıp esaplanadı. Kompozitsiya orayı haqkında ga`p baradı eken, ol kartina tegisliginin` geometriyalıq orayında jaylasıwı kerek ekenligin bildirmeydi. Bunday jaylastırıw ju`da` sulıw emes bolıp, su`wretti jasalma ra`wishte ekige bo`lip qoyadı. A`dette ol kompozitsiyanın` orayınan qandayda bir ta`repke burıladı. Eger onın` rolı avtordın` teması boyınsha arzıytug`ın jag`dayda bolatug`ın bolsa, ba`rha` kompozitsiya orayı sıpatında ko`zge taslanıp turadı. Gey bir ha`wesker xudojniklerde shıg`armadag`ı ekinshi da`rejeli a`hmiyetke iye bolg`an na`rselerdi itibar menen anıq su`wretlemese de boladı, degen pikirde boladı. Bunday juwmaqqa keliw durıs emes, a`lbette. Anaw yaki mınaw ob`ekttin` «tiykarg`ı-tiykarg`ı emes» ligine qaramastan ha`r birinin` u`stinde dıqqat itibar menen islew kerek.

Ko`rkem qa`lem su`wrettin` ishki du`zilistegi u`ylesimlikten tısqarı sırtkı ko`rinistegi qurılısına da ma`lim talap qoyıladı. Jas oqıwshı-xudojniklerdin` jumıslarında geyde ko`p kemshilikler ushıraydı. Olardın` ko`pshiligi kartina betine predmetlerdi ha`dden zıyat bir qıylı ta`rizde yaki bir ta`repke jıynap, basqa bo`limin bos qaldırıp jaylastıradı. Negizinde qa`lem su`wret maydanında sa`wlelenip atırg`an buyımlar bir-birine qatnaslı ha`r qıylı uzaqlıqta jaylasıwı, ekinshi ta`reptin` zıyanına bir ta`repke jıynalıp qalmawı kerek. Sonda su`wrettin` eki bo`leginin` ten`dey jaylasıwına erisiledi. Ayırım oqıwshılardın` shınıg`ıwlarında, su`wreti sızılıp atırg`an predmetlerdin` qanday materialdan jasalg`anlıg`ına, ta`biyg`ıy ko`riniste tek sol buyımg`a g`ana tiyisli bolg`an belgilerine jeterli itibar bermesten su`wretlew jag`dayları da ushırap turadı. Olar predmettin` neden islengeni, sırtqı qa`siyetin uqsatıp sa`wlelendirmey turıp haqıqıy su`wretke erisip bolmaytug`ınlıg`ın umıtıp qoyadı. Ha`r bir material jasalma yaki ta`biyg`ıy bolıwına qaramastan o`zine ta`n ma`lim sırtqı ko`rinislerge iye boladı. Sonın` ushın anaw yaki mınaw buyımdı su`wretley turıp onın` barlıq belgileri, sırtının` o`z qa`siyetleri menen ko`rsetiw kerek. Olar sonshelli ta`sirli islewi kerek-ta`biyattın` qanday materialı ekenligi –ag`ash pa, suw ma, jer me, qarma, gerbish pe, paxta ma, maxpal ma -da`rha`l jan`lıspay an`lap alıw mu`mkin bolatug`ın bolsın. Sonın` ushın ha`r tu`rli materiallardan jasalg`an buyımlardan du`zilgen natyurmortlardın` su`wretin sızıp turıw ha`m is quralları, xojalıqtag`ı turmısta qollanılatug`ın buyımlardı su`wretlew dawamında alıng`an ta`jiriybeler jaqsı payda beredi.

Ta`biyatta o`zinin` formasına iye bolmag`an na`rseler bolmaydı. Forma ba`rshe ko`lemli na`rsenin` tiykarg`ı sırtqı belgisi, qa`siyeti boladı. Sog`an ko`re material u`stinde jumıs alıp barılg`anda ta`biyat ob`ektlerinin` formasın durıs su`wretlewge ayrıqsha itibar beriliwi kerek. Formanın` sırtqı belgisi predmetlerdin` silueti, yag`nıy ma`lim jerden turıp ko`z benen ko`rilgen na`rseni a`tirap-ortalıqtan ajıratıp turg`an salıstırmalı siluet

sızıqlardan ibarat. Sızıq predmet formasının` a`piwayı su`wreti bolıp xızmet qıladı. Jas xudojniktin` forma ha`m material u`stinde islewge dıqqat, itibar menen qatnasta bolıwı og`an haqıqıy su`wretler jaratıwda ja`rdem beredi.

Ta`biyatdag`ı ko`rinislerdi gu`zete turıp, ondag`ı ob`ektlerdin` ba`rha` ha`r qıylı jarıtılg`anın ko`remiz. Birewine quyashtın` nurı tuwrıdan tu`sedi, basqası bolsa janındag`ı na`rselerdin` sayasında kaladı. Olardın` ha`r birinde tınıq jarıtılg`an bo`lekti sayalardı, yarım sayalardı, refleks ha`m sa`wlelerdi ko`riwimiz mu`mkin. Su`wret sızıwshı adam peyzajdı quyashtın` nurları ha`r tu`rli jarıtılg`an ta`replerdin` gu`zetiliwi mu`mkin. Tiykarınan quyash tuwrıda, arqa ta`repte yaki qaptaldan tu`sken birinshi jag`dayda –predmetler a`tiraptag`ı jarıqlıq sa`wleleri ju`da` ku`shli, sayalar ju`da` qalın` bolıp ko`rinedi. Bunday jarıqlıq tez o`zgeredi, na`tiyjede kem ta`jiriybege iye bolg`an oqıwshı ushın biraz qıyınshılıq tuwdırıladı. Eger quyash arqa ta`repte bolsa-tu`sip atırg`an jarıqlıq ha`m sayalar aytarlıqtay qızıqlı bolmaydı. Ta`biyattag`ı na`rselerdin` ko`lemi, formaları ko`zimizge bo`rttirilip ko`riniwi ushın onın` bir ta`repi jaqsı jarıtılgan bolıwı kerek. Joqarıdag`ı jag`dayda bolsa predmetlerdin` tek jarıq tu`sken ta`repleri g`ana ko`zge taslanadı. Sonın` na`tiyjesinde na`rse ko`lemi bo`rttirilip ko`rinbeydi. Ta`biyattı su`wretlew boyınsha jeterli ta`jiriybege iye bolmag`an xudojniklerge bunday sharayatta barlıqtag`ı na`rsenin` ko`lemi ha`m hawadag`ı orınların haqıqıy ta`rizde su`wretlew ju`da` qıyın boladı. Predmetlerge quyash nurları su`wret sızıwshı oqıwshıg`a qatnasta qaptal ta`repten tu`sken jag`dayda bolsa, buyımlardın` bir ta`repine jarıqlıq tu`sip, sayalar qoyıw bolıp ko`rinedi, barlıq na`rselerdin` ko`lemi bo`rtip ko`rinip turadı. Qaptal ta`repten tu`sken jarıqlıq, a`sirese xudojnikke qolay ha`m su`wretlewge muwapıq boladı.

Peyzajdı ta`biyat ko`rinisinin` o`zine qarap su`wretin sızıwda su`wretlenip atırg`an predmetlerge g`ana emes, ba`lki qag`az ju`zesine de sapalı jarıqlıq tu`sip turıwı u`lken a`hmiyetke iye.

Peyzaj qa`lem su`wretin islewdi puxta u`yreniw ko`plegen su`wretlew o`neri tu`rlerinde is alıp barıwda da ju`da` za`ru`r. Mısalı, jivopis`ta orınlanıwı kerek bolg`an peyzaj kompozitsiyasın islew protsessii sapalı qılıp sızılg`an, tiykarg`ı shıg`arma jaratıwda ja`rdemshi material wazıypasın o`tewshi sızba su`wretlersiz na`tiyjeli bolıwı mu`mkin emes. O`ytkeni, kompozitsiya eskizi qaralamalarınan tartıp onı shıg`arma jag`dayına keltiriwge shekem bolg`an da`wirdin` ko`p bo`legi su`wretlenejaq bolg`an orınnın` ko`rinislerin tikkeley ta`biyattın` o`zinen qarap qa`lem su`wretler, sızba-u`zindiler, ren`-su`wretler islewge sarıp etiledi. Pu`tin bir qızıqlı, mu`na`sip tan`lap alıng`an shıraylı ta`biyat ko`rinisin qa`lem ja`rdeminde barlıq ko`rinislerin haqıykıy sa`wlelendiriw arqalı xudojniktin` ta`jiriybesi, sheberligi, uqıplıg`ı asıp baradı. Shın kewilden qunt penen orınlang`an a`ne usınday tu`rli mazmunlardag`ı peyzaj su`wretler keleshekte jas xudojnik, oqıwshı, xudojnik-pedagog ta`repinen jaratılatug`ın grafika ha`mde jivopis`ge tiyisli ko`rkem shıg`armalarg`a irge bolıp xızmet qılıwı da mu`mkin boladı.

Bunday temadag`ı su`wretler jıldın` ha`r bir ma`wsiminde ha`r tu`rli materiallar- ren`li qag`az, tush`, ushlıq (pero), akvarel` boyawları, a`piwayı grafit qa`lem, sangina, sous, ko`mir ha`m sol sıyaqlılardın` ja`rdeminde a`melge asırılıp barıladı. Jaslarg`a su`wretlew o`nerinin` sırların jetik u`yretiw joqarı oqıw orınlarında alıp barılatug`ın ren`li su`wret, kompozitsiya, a`sirese qa`lem su`wret shınıg`ıwların oqıtıwdın` joqarı da`rejede bolıwına ko`p jag`ınan baylanıslı boladı. Bul bolsa o`z na`wbetinde joqarı qa`niygeli su`wretlew o`neri oqıtıwshıların tayarlawdın` tiykarı bolıp esaplanadı.

Barlıq waqıtta este saqlaw kerek bolg`anı, akademiyalıq qa`lem su`wret islewde qa`lem sızba ha`m qaralama eskizler islew keleshek wazıypasının` tabısın belgileydi. Oqıwshılar ko`plegen qa`lem sızbalar islew arqalı buyımlardın` ha`m na`rselerdin` tiykarın, konstruktivlik du`zilisin, plastikasın, ko`lemin teren`nen u`yrenedi.

Ha`zirgi zaman jan`a oqıw metodikası boyınsha oqıwshı jaslarg`a o`tmishte jasap do`retpeler jaratqan ataqlı sheber xudojniklerdin` ha`r bir belgili shıg`armaları ushın orınlang`an onlap, ju`zlegen qa`lem sızbaların ko`rsetiw ha`mde olardın jumıs islew barısında qollangan metodların u`yreniw u`lken a`hmiyetke iye.

Solay etip, joqarıda aytıp o`tilgen pikirlerdi ja`mlegen halda tıyanaqlı bir juwmaq qıla turıp, oqıwshılar ha`r bir oqıw wazıypasın tabıslı orınlawı ushın qoyılg`an naturanı tu`rli-tu`rli tochkalardan gu`zetiwi ha`m bir neshe ja`rdemshi qaralama –etyudlar orınlawı kerek. Kerek bolg`anda qoyılmadag`ı buyımlardı bo`lek-bo`lek sızbaların orınlaw kerek. Ja`rdemshi etyudlar islew dawamında ol usı wazıypasın talap da`rejesinde orınlaw imka`nın beredi. Sonın` menen birge ja`rdemshi sızbalar su`wretlew o`nerinde bar bolg`an kompozitsiya sızıqlı konstruktivlik du`zilisi, perspektiva, buyımlardın` o`z-ara qatnasları, forma ha`m ko`lem qatnasları, salıstırmalar, jarıq-saya ko`rinisleri qusag`an nızamlardı o`zlestiriwde u`lken a`hmiyetke iye. Qa`lem su`wret shınıg`ıwları basqa qa`nigelik pa`nleri menen bir qatarda qa`niygelerdi tayarlawda tiykarg`ı o`lshem bolıp esaplanadı ha`mde oqıwshılarg`a ko`rkem o`ner haqkında mag`lıwmat beriwde turmısta, ta`biyattı haqıqıy su`wretlewde a`meliy bilimlerdi berip g`ana qalmastan, ba`lki olardın` ulıwma du`n`yag`a ko`z qarasların o`siriwdi u`lken a`hmiyetke iye boladı. Haqıqıy ko`rinisli su`wret sızıw o`neri, barlıqtı haqıqıy ko`rinistegi obrazlar arqalı su`wretlew sheberligin rawajlandırıwdı o`z aldına maqset etip qoyatug`ın tıyanaqlı ha`reket bolıp esaplanadı.

# ***III-BAP. Qa`lem su`wret islewdin` nızamları ha`m qag`ıydaları***

## ***3.1. Buyımlardı su`wretlewde jaqtılıq ha`m sayalardın` a`hmiyeti***

Jaslardı ko`rkemlik jaqtan kamalg`a jetken, watang`a, ana jerine, ata-babalardan bizge jetip kelgen milliy miyraslar ha`m xalqımız qol o`nerin qa`sterlew ha`m olarg`a sadıqlıq, turmısqa ha`m ta`biyatqa su`yispenshilik penen karaw, miynetti hu`rmetlew ruwxında ta`rbiyalap jetistiriwde su`wretlew o`neri, sonın` ishinde qa`lem su`wret pa`ninin` ornı girewli. O`z na`wbetinde oqıtılıp atırg`an arnawlı pa`nlerdin` teren` mazmung`a iye ha`m tiykarlı bolıwın talap etedi. Sonday-aq, pedagog-oqıtıwshılar ha`m oqıtıw boyınsha arnawlı izertlewler, baqlaw alıp barıw na`tiyjesinde ha`r qıylı metod ha`m metodikalıq usınıslar islep shıg`ıp atırg`an ilimpazlar, izertlewshiler aldına a`hmiyetli ha`m juwapkerli wazıypalardı qoyadı. Qa`lem su`wret pa`ninin` oqıtılıwı, sabaqlardın` alıp barılıwı ha`m arnawlı da`stu`rlerdi qollanılıwı da ayrıqsha dıqqat orayda turadı. Qa`lem su`wret pa`ni ko`rkem-grafika fakul`tetlerinde oqıtılatug`ın barlıq arnawlı pa`nlerdin` tiykarı bolıp esaplanadı ha`m olar arasındag`ı tikkeley baylanıstı ta`miyinleydi. Qa`lem su`wret boyınsha jetkilikli bilim ha`m uqıplardı iyelemesten, oqıwshılar kompozitsiyanın`, ren`li su`wret, skul`ptura, milliy qol o`neri ha`m basqa da pa`nlerdi jaqsı o`zlestire almaytug`ının atap o`tiw kerek.

Su`wretlew o`neri o`z aldına qa`niygelik taraw bolıp, bul tarawda jumıs alıp barıw, iskerlik ha`m do`retiwshilik penen shug`ıllanıw o`z aldına qatnastı talap etiw menen bir qatarda o`z aldına nızamlılıqlarg`a boysıng`an halda do`retpelerdi jaratıwdı da o`z ishine aladı. Su`wretlew o`neri salasındag`ı, a`sirese qa`lem su`wret pa`ninde qollınatug`ın nızamlar ha`m qag`ıydalar tu`p tiykarınan ta`biyat nızamlarınan kelip shıg`ıp, olardın` orınlanıwı da ayrıqsha dıqqat penen islewdi talap etedi. İslep shıg`ılg`an ha`m uzaq mu`ddetten berli qollanılıp kiyatırg`an bul nızamlılıqlar su`wretlew o`nerine jetkilikli ta`sir etip, bul o`nerdin` gu`llep-rawajlanıwında u`lken

a`hmiyetke iye. Bunday su`wret salıw nızam ha`m qag`ıydaları oqıwshılarda qa`lem su`wret islew menen ha`mde ta`jiriybelerdi qa`liplestiredi, do`retiwshilik uqıpların o`siredi ha`m onı keleshekte jaqsı pedagog-qa`niyge bolıp jetilisiwi ha`m o`zinin` do`retiwshilik ha`m qa`niygelik jumısların alıp barıwda belgili orın tutadı.

Oqıwshılardın` biliwi kerek bolg`an bilimler arasında zattın` o`zine qarap su`wretin salıw shınıg`ıwları negizgi bilimlerdin` qatarında bolıp, ol oqıwshılardan belgili nızam ha`m qag`ıydalar tiykarında jumıs islewdi talap etedi ha`m usı sebepli oqıwshılar qa`niygelikke oqıwdın` da`slepki basqıshlarınan baslap-aq, su`wret sızıwdın` tiykarg`ı nızamlılıqlar menen tolıq qurallang`an bolıwı za`ru`r ha`mde o`tken a`sirlerde jasag`an belgili xudojniklerdin` jaratqan shıg`armaların jaqsı biliwi, olardın` kartina jaratıw usılları, sheberligi menen tanısıwı, olardın` ayrıqsha ta`replerin biliwi kerek boladı. Bunday bilimlerge iye bolıwı oqıwshının` aldına qoyg`an maqsetlerine jetiwi, keleshekte jetik qa`niyge sıpatında durıs jumıs alıp barıwı ushın durıs qa`liplesken bilimler bazası bolıp xızmet etedi. Sonın` menen bir qatarda, zattın` o`zine qarap su`wret salıw shınıg`ıwları barısında su`wreti sızılıp atırg`an buyım ha`m zatlardın formalarının` kem-kemnen qıyınlasıp barıwı, wazıypalardın` basqıshpa-basqısh quramalasıp isleniwi de oqıtıw protsessinin` juwapkerli ta`repi. Su`wretlenip atırg`an buyımnın` forması qa`nshelli quramalı bolsa, su`wret sızıwshı usı buyımdı sonshelli ko`p u`yreniwi ha`m itibarın elede ku`sheyte turıp, analiz qılıwı kerek boladı. bul protsesste ol o`zinin` gu`zetiwshen`ligin jaqsılap u`yreniwi, izertlewin ta`miyinlep baradı.

Qa`lem su`wret islewde ilimiy jandasıw, a`sirese su`wreti sızılıp atırg`an buyımdı su`wretlewde onın` sızıqlı konstruktivlik du`zilisin ha`m perspektivalıq jag`dayın anıqlawda u`lken a`hmiyetke iye. Atap o`tiw kerek qa`lem su`wret islewde jetkilikli ta`jiriybege erisiw ushın ko`p ta`repten

zattın` o`zine qarap su`wretlew boyınsha sheberlik mektebin o`tpesten turıp, ko`rkem rawajlanıw joqarılıp barıw mu`mkin emes.

Oqıwshılardın` oqıw protsessinde jaqınnan tanısıwı ha`m biliwi kerek bolg`an oqıw qalem su`wretin ilimiy jaqtan talqılap shıg`ıw na`tiyjesinde ko`rip shıg`ılg`anda, bul pa`ndegi bir qatar o`z aldına bo`lek-bo`lek, erkin bolg`an tiykarg`ı pa`nlerdin` bir-biri menen baylanısqan jag`dayda jumıs alıp barıwın ko`riwge boladı. Bul pa`nler : perspektiva, plastikalıq anatomiya ha`m fizika pa`nlerinen ibarat bolıp, olardın` talıqlanıwı ha`m qa`lem su`wret pa`ninin` quramında atqaratug`ın xızmetleri to`mendegilerden quralg`anın ko`remiz:

- Perspektiva – buyımlar ha`m na`rselerdin` hawadag`ı (boslıqtag`ı) jag`dayın tegislikte durıs ha`m ta`rtip penen su`wretlew metodların ashıp beretug`ın arnawlı pa`n bolıp tabıladı.
- Plastikalıq anatomiya – bul adam ha`m haywanlar, quslardın` enelerinin` qurılısı ha`m olardın` ha`reketlerinin` iykemligin u`yretiwshi pa`n.
- Fizika – bul ta`biyg`ıy jag`daylar, yag`nıy su`wreti salınıp atırg`an buyımlar ha`m zatlarda jaqtılıq ha`m sayalardın` bo`listiriliwi haqkında tu`sinik beriwshi pa`n bolıp tabıladı.

Atı atalg`an pa`nlerdi ha`r bir oqıtıwshı da`slep ulıwma bilim beriwshi mekteplerde, al, son`ın ala ko`rkem o`nerden sabaq beriwshi oqıw orınlarında teren` o`zlestirgen bolıwı, sonın` menen birge su`wretlew barısında ken` tu`rde qollana alıwı za`ru`r boladı.

Su`wretlew o`nerindegi alıp barılıp atırg`an do`retiwshilik ha`mde oqıw iskerliginde su`wretlewdin` tiykarg`ı qag`ıydalarının` diziminde to`mendegiler kiredi.

***Perspektiva nızamı.*** Su`wretlenip atırg`an buyımlar, usı buyımnın` qaysı ta`repinen qaralg`anına qaramastan (uzaqtan, jaqınnan, joqarıdan, to`mennen, tuwrıdan yaki qaptaldan) su`wret sızıp atırg`an adamg`a o`zgerip ko`rinedi. Mısalı, kubtı anıw yamasa mınaw ta`repke burıp, onın`

ta`replerinin` sızıwshı adamg`a o`zgerip ko`riniwin baqlaymız. Buyımlardı tegislikte haqıqıy su`wretlewde su`wretshi perspektiva nızamınan tikkeley paydalanıwına boladı. bul jag`daydı bılayınsha ta`riyplew mu`mkin : «Ta`biyattag`ı barlıq buyımlar qanday ko`riniske iye bolmasın, perspektiva nızam ha`m qag`ıydalarına boysınadı».

Perspektiva nızamların jeterli da`rejede u`yrenip, ha`r qanday buyımnın` ko`rinetug`ın ha`m ko`rinbeytug`ın ta`replerin durıs su`wretlew mu`mkin. Perspektiva nızamlarının` tiykarg`ı o`zgeshelikleri sonnan ibarat, buyımlar qanday u`lkenlikte bolmasın, sızıwshıdan uzaqlasqan sayın ha`mde tegislikte qanday jaylaskanına qaray perspektivalıq qıskaradı.

O`z na`wbetinde perspektiva nızamı haqıqıy su`wretlew «a`lipbe» lerinen bolg`an «su`wret tegisligi», «buyım tegisligi», «ko`riw maydanı», «ko`riw tochkası», «gorizont sızıg`ı» sıyaqlı nazamlılıqlar menen tıg`ız baylanıslı.

***Su`wret tegisligi.*** Su`wret tegisligi dep su`wretlenip atırg`an natyurmort, ta`biyat ko`rinisi, portret ha`m sol sıyaqlılar menen su`wretshi arasındag`ı boslıqqa aytıladı. Fiziologiyalıq ko`z qarastan qarag`anda, jaqtılıq sızılıp atırg`an buyımg`a tu`sip, su`wretshige anaw yamasa mınaw buyımnın` ko`rinisi ko`rinedi. Sonnan keyin g`ana su`wretshi onı sezimtallıq penen su`wretlewge o`tedi. Su`wret tegisligi su`wretshi menen natura arasındag`ı qural bolıp xızmet etedi.

***Buyım tegisligi*** – su`wretlenip atırg`an buyım jaylasqan tegislikke aytıladı. Buyım tegisligi wazıypasında stol, pol, jer ha`m basqalar sızıw ushın orınlanatug`ın qurılma bolıp xızmet qılıwı mu`mkin.

***Ko`riw maydanı.*** Bul sızıwshının` su`wretlenip atırg`an buyımdı ko`riw waqtında qamtıp alıwın ta`miyinlewshi jag`day. Su`wretshi su`wretlenip atırg`an ob`ekttin`, ol qansha uzaqlasıp barg`an sayın onın` ko`riw maydanıda keneyip baradı, bul bolsa su`wretlenip atırg`an ob`ekttin` ha`mme bo`leklerin anıq ko`riw ha`m su`wretlewg`e mu`mkinshilik beredi.

Biraq, ob`ektten ju`da` u`lken aralıqta turıptı ondag`ı ha`mme bo`leklerdi ha`m o`lshemlerdi tolıg`ı menen su`wretlew biraz qıyın. Kerisinshe su`wretlenip atırg`an ob`ektke jaqın aralıqta turıp ta, usı ob`ekttegi ha`mme bo`leklerdi ko`z benen ko`rip alıw qıyın. Sonın` ushın ha`r qanday su`wretti orınlap atırg`an shamalaw arqalı ara-qashıqlıqtı tuwrı tan`lap alıw, ko`riw maydanın tuwrı belgilew su`wretshiden sheberlikti talap etedi. Ko`p jag`dayda su`wretshiler su`wretlenip atırg`an predmet u`lkenliginin` u`sh esege ko`beytilgenine tek ara qashıqlıqta turıp su`wretleydi. Mısalı, adamnın` tulg`asın tolıg`ı menen su`wretlew ushın su`wretshi naturadan shama menen bes-bes yarım metr ara qashıqlıqta turıwı kerek boladı.

***Oq sızıg`ı.*** Oq sızıg`ı dep ko`zimiz biyikliginde o`tetug`ın nurg`a aytıladı. Bunı anıqlaw ushın qag`azdı alıp onı gorizontal` jag`dayda ko`zimiz qa`ddine shekem ko`terip, oq sızıg`ın anıqlawımız mu`mkin. Buyım sızıwshıg`a u`sh jag`dayda ko`riniwi mu`mkin.

1. Oq sızıg`ınan joqarıda.
2. Oq sızıg`ınan to`mende.
3. Ko`zimiz nurı biyikliginde, yag`nıy oq sızıg`ı biyikligi da`rejesinde bolıwı mu`mkin.

Oq sızıg`ı mudamı ko`zimiz nurı biyikliginen o`tedi. Eger biz joqarıg`a shıqsaq ol biz benen ko`teriledi, to`menge tussek oq sızıg`ı ha`m to`mende baqlanadı.

***Ken`islik perspektiva.*** Buyımlardın` ken`islik ta`sirinde o`zgerip, yag`nıy qısqarıp ko`riniwine aytıladı. Ken`islik –faza – tınıq ortalıq bolıp tabıladı. Biraq, onın` tınıqlıg`ı ta`biyattın` ha`r tu`rli ha`diyseleri tasirinde o`zgerip turıwı mu`mkin. Ma`selen, hawa ıg`allıg`ın, atmosfera basımının` o`zgeriwi, xawadag`ı shan`-tozan`nın` ta`sirinde ha`m basqada ko`plep ta`biyg`ıy jag`daylar. Sonın` ushın su`wretlenip atırg`an ob`ektiv ken`islik boslıg`ında qay da`rejede ishte jaylasqanına qarap ren`, kontrast, tu`s ha`mde

ondag`ı ayırım bo`leklerinin` anıq yamasa gu`n`girt ko`rinislerine keskin tu`rde ta`sir etedi.

Ken`islik perspektivası ob`ekttin` ku`nnin` qaysı waqtında su`wretlenip atırg`anına, azanda yaki tu`ste, yamasa keshki waqıtlarda, gewgim tu`skende, sa`skede, sonday-aq, jıl ma`wsimleri - ba`ha`r, jaz, gu`z ha`m qıs ha`mde atmosfera o`zgerislerine-quyashlı yaki bultlı hawa rayı qusaganlarg`a qarap ta o`zgeriwi mu`mkin. Su`wretlenip atırg`an buyımlardın` ken`isliktin` ishinde qansha uzaq yaki jaqında jaylaskanına qarap ta o`zgeredi.

Fazalıq perspektiva usı tiykarg`ı qag`ıydalarg`a iye bolıp, olar to`mendegilerden ibarat :

1.Orınlanıp atırg`an su`wret su`wretshige jaqın bolg`an buyımlar anıq, uzaqtag`ılar bolsa ulıwma bolıp ko`rinedi. Su`wrette fazanı sızdırıw ushın jaqın aralıqta jaylasqan buyımlardı anıq, uzaqtag`ılardı bolsa ulıwma ta`rizde su`wretlew kerek.

2. Faza boslıg`ında jaylasqan buyımlar sızıwshıdan qanshelli uzaqta jaylasqan bolsa, anıq emes tu`ste ko`rinedi. Su`wrette fazalıq perspektivanı durıs ko`rsetiw ushın uzaqta jaylasqan buyımlardı azıraq, jen`il aldın`g`ı qatardag`ı buyımlardı bolsa anıq su`wretlew kerek.

3. Jaqın aralıqta jaylasqan buyımlar fazada anıq ko`lemli bolıp ko`rinedi, uzaqtag`ıları bolsa anıq emeslew bolıp ko`rinedi. Su`wretlewde ha`m usı ta`rtipke boysınıwı za`ru`r.

4. Sızıwshıdan uzag`ıraq jaylasqan buyımlar atmosfera basımı ta`sirinde sıya ren`, ko`gis ha`m ashıq tu`ste ko`rinedi. Fazalıq perspektivanı ja`nede ku`shlirek ko`rsetiw ushın jaqın ara – qashıqlıqtag`ı anıq ko`rinip turg`an buyımlardı anıg`ıraq sızıqlar menen, uzaqtag`ılardı bolsa ashıq tu`ste su`wretlew mu`mkin.

5. Aldın`g`ı qatardag`ı jaylasqan buyımlar haqıqıy o`z tu`sinde, uzaqtag`ıları bir tu`rli bolıp ko`rinedi. Fazalıq perspektivanın` bul nızamı

su`wretshiden aldın`g`ı qatarda jaylasqan buyımlardı anıq, uzaqtag`ılardı bolsa ulıwma ta`rizde anıq emes etip su`wretlewdi talap etedi.

Fazalıq perspektivalıq usı nızam ha`m qag`ıydalarınan paydalanıw oqıwshılar ushın a`hmiyetli boladı. Joqarıda ko`rsetip o`tilgen qag`ıydalar oqıwshının` qanday wazıypa atkarıwına qaramastan (portret, natyurmort, ta`biyat ko`rinisi h.t.b.) gu`zetiliwi mu`mkin boladı.

Buyımlardı su`wretlewde jaqtılıq ha`m sayalar u`lken a`hmiyetke iye. Natura etip qoyılg`an buyımlarg`a jaqtılıq qa`nshelli tik tu`sse olardın` su`wreti sonshelli anıq ko`rinedi. Yaki kerisinshe, shetten tu`sip atırgan jaqtılıq buyımg`a ulıwma ta`rizde tu`sip orınlanıp atırgan su`wretti gu`n`girt bolıwı alıp keledi. jaqtılıq bir buyımnan qaytıp ekinshisi ha`m u`shinshisine tu`siwi mu`mkin. Bul jag`day su`wretlenip atırg`an buyımlardag`ı jaqtılıq ha`m sayalar jıyındısın du`zedi. Olar to`mendegilerden quralg`an :

a) jaqtılıq;

b) saya ;

v) yarım saya;

g) qaytıwshı jaqtılıq;

d) jaltıraqlıq .

Jaqtılıq dep – predmet betine tik tu`siwshi quyash yarım jasalma jaqtılıqlar ta`sirindegi nurg`a aytıladı.

Saya – buyımlardın` jaqtılandırılg`an bo`leginin` arg`ı ta`repine kerisine jaqtılıq nurları tu`spegen orıng`a aytıladı. Bunday sayalarg`a jeke menshikli saya dep te aytıladı. Su`wretlewdi orınlawda tutasıwshı sayalar da baqlanadı. Usı sayalar buyımlardın` biri ekinshisin jawıp turıwı na`tiyjesinde payda boladı. Usı sayalar buyım tegisligine (stol, eden, jer h.t.b.) ha`mde su`wreti orınlanıp atırg`an buyımlardın` birinen ekinshisine de tu`siwi mu`mkin. Buyımlarg`a qıyaraq (anıq emes) ra`wishte tu`siwshi jaqtılıq nurı olarda yarım sayalardı payda etedi. Yarım sayalar tiykarınan jaqtılıq ha`m

o`zinin` sayalar arasındag`ı bo`leklerge jaylasadı. Sonın` ushın buyımlardag`ı ha`r qanday sayalarda birdey toyg`ın tu`ste bola bermeydi.

Tek g`ana jaqtı, saya ha`m yarım sayalar ja`rdeminde buyımlardın` ko`lemlerin tuwrı orınlawı mu`mkin. Buyımlarg`a urılıw na`tiyjesinde tu`siwshi jaqtılıqlar, qaytıwshı jaqtını refleks payda etedi. Qaytıwshı jaqtılıqlar predmetlerdi bir-birinen qanday qashıqlıqta jaylasqan jerine qarap ku`shli yaki ku`shsiz bolıwı mu`mkin. Biraqta hesh qashan qaytıwshı jaqtını buyımlarg`a tik tu`siwshi jaqtılıq nurına salıstırg`anda ku`shli bolmaydı.

Buyımda jaqtılıqtın` tu`siwi na`tiyjesinde jaltıraqlıq payda boladı. Jaltıraqlıq shiyshe, temir, gu`la`l ha`m basqa da jarıqlıqtı qaytarıw qa`siyeti ku`shli bolg`an buyımlarda baqlanadı.

Oqıw qa`lem su`wretinde jarıq ha`m sayalar jen`il sızıqlar (shtrixlar) menen a`melge asırıladı. Jarıq yarım sayalarda sızıq ushları su`wretlenip atırg`an buyımnın` xarakterine ha`m jarıqlıq tu`siw bag`ıtı boyınsha da`ste-da`ste, anıq bolıwı kerek. Bunday usılda islengen tu`slew buyımlardın` konstruktivlik du`zilisin ja`nede anıq ko`rsetip beredi. Buyımnın` saya bo`leklerinde sızıqlar qoyıwıraq bir-birnine jaqın (birlesip ketken) bolıwı tiyis. Qırlı buyımlardı shtrixlaw shtrixlar jaqtı ha`m saya ushırasqan bo`leginde tog`ıraq boladı.

Naturag`a qoyılg`an aldın`g`ı buyımlar anıq sızıqlar menen sızılg`an bolsa ekinshi ha`m u`shinshi qatardag`ı buyımlar sızıwshıdan uzag`ıraq jaylasqanlıg`ı esapqa alınıp ulıwma jag`dayda orınlanadı. Bul o`z na`wbetinde su`wretlenip atırg`an naturanı haqıyqıy (fazalıq perspektiva qag`ıydasına tiykarlana otırıp) orınlawda a`hmiyetli boladı. A`piwayı qa`lem menen buyımdı ko`lemi tiykarında tu`slew su`wretlenip atırg`an buyımlardı ko`lemli etip islewdin` faktorı bolıp tabılatug`ının aytıp o`tiw za`ru`r. Shala-pala, du`s kelgen ta`repke qarap sızıqlar ju`rgize beriw qoyılg`an maqsetke erisiu`ge tosqınlıq etedi.

Buyımlardın` ko`lemlerin islewde sızıqlardı ju`rgiziw izbe-izligi saqlanıwı za`ru`r. Qa`lemdi qag`az betine bir qa`liptegi ku`sh penen basıw ha`m sızıqlar arasındag`ı aralıqtın` ten` bolıwına itibar berip su`wretlew, sızılıp atırg`an buyımnın` tuwrı orınlanıwında u`lken a`hmiyetke iye. Do`n`gelek joqarıda aytıp o`tilgen sızıq ju`rgiziw ellips ko`rinisinde orınlanıp, buyımnın` ekvatorına jaqınlasqanda tog`ıraq tu`ste boladı.

***Sızıqlı konstruktivlik du`zilis.*** Su`wretlew ushın buyım qanday a`piwayı yaki quramalı bolıwına qaramastan ol konstruktivlik du`ziliske iye. Konstruktivlik so`zi – qurılıs (du`zilis) ma`nisin bildiredi, su`wretshi buyımdı su`wretlewde mine usı nızamdı saqlawı sha`rt. Buyımdı haqıyqıy ko`rinisde su`wretlew ushın onın` du`zilisin, sızıqlı konstruktivlik du`zilisine itibar beriw maqsetke muwapıq. Sızıqlı konstruktivlik qurıw ha`r qanday wazıypasın su`wretlewde a`melge asırıladı.

Buyımlar o`z ko`lemine iye bolıwdan basqa qatnaslarg`ada, biyikligi ha`m enine iye boladı. Bul bolsa buyımlardın` turatug`ın qoyılma o`z qatnaslarınan basqa o`z-arada u`lken-kishiligine qarap qatnasları bar.

Haqıqıy su`wretlewde buyımlar qatnasın tuwrı anıqlaw u`lken a`hmiyetke iye. Buyım qatnasların tuwrı anıqlaw ha`m su`wretlew to`mendegi usılda a`melge asırıladı. Ma`selen: gipsten islengen nag`ıstın` rozetkasın alayıq. Rozetkanın` biyikliginin` enine salıstırg`andag`ı u`lkenligin anıqlaw ushın qolg`a qa`lemdi uslap sızılg`an halında rozetkanın` kishi ta`repi-eninin` o`lshemin qa`lemdi bas barmaq penen belgilep rozetka biyiklikte qoyıp salıstıramız. Son`ınan mine usı tabılg`an qatnastı qag`azda belgileymiz. Usı usılda bir topar buyımlardan du`zilgen natyurmort yaki basqa o`zinin` ha`mde o`z-ara qatnasların tuwrı su`wretlew mu`mkin.

Ko`lemler. Ha`r bir buyım o`z ko`lemine iye. Onın` ko`leminin` qırları, biyikligi, boyı ha`m enine iyeligi menen belgilenedi. Eger buyımnın` ko`lemi tuwrı sızıqlardan ibarat bolsa, onın` ko`leminde tegis betten ibarat bolıp tabıladı. İymek sızıqlardan quralg`an buyımlar (shar, konus, tsilindr

ha`m basqalar) aytarlıqtay ko`lemli bolıp esaplanadı. Joqarıda sanap o`tilgen shınıg`ıwlardı tuwrı orınlaw kontur ja`rdeminde a`melge asırıladı. Kontur sızıg`ı buyım formasın su`wretlep beriwde a`hmiyeti sheksiz u`lken. Kontur – bul buyım ko`rinis sa`wlelendiriwshi sızıqqa aytıladı. Buyımnın` du`zilisi, ha`reketi, qatnasları onın` qanday materialdan du`ziligenligi ha`m basqalardı su`wretlep ko`rsetiwde su`wretshi kontur sızıqlardan paydalanadı. Eger buyımnın` konturları tuwrı sızıqlardan ibarat bolsa (kub, piramida, prizma ha`m basqalar), onın` ko`lemlerin su`wretlew tuwrı sızıqlar ja`rdeminde a`melge asırıladı yaki onın` konturları iymek sızıqlardan ibarat bolsa, ko`lemlilik ellips, shen`ber formalar arqalı a`melge asırıladı.

Kubtın` ko`lemin jaqtı sayalar ja`rdeminde orınlaw barısında onı ja`ne de sızıq penen bo`lek bo`rttirip ko`rsetedi. Bul bolsa pu`tkilley durıs emes. Ta`biyatta bolsa qırlı buyımlar sırtqı betlerinin` bir-birinen tu`s jag`ınan ashıq ha`m toyg`ınlıg`ı menen belgilenedi. Tek g`ana (kub yaki basqa qırlı buyımlarda) saya bo`legindegi qırı jaqtı bo`legindegi sırtqı jag`ına jaqınıraq jerinde tu`s jag`ınan ku`shlirek ekenligi menen xarakterli boladı.

Domalaq formadag`ı buyımlardın` ko`lemlerin ellips, shen`ber sızıqları arqalı orınlanadı. Su`wretlewde domalaq ko`lemge iye buyımlardın` ekvator bo`legi tu`si jag`ınan ku`shlirek boladı. Qırlı buyımlarda bolg`anınday shar sıyaqlı buyımlardı su`wretlewde de onın` turg`an halına qarap jaqtı ha`m tek fondag`ı sayalar shegarası bar.

Ko`rip turg`an ko`rinislerdi eslep qalıw, gu`zetiw, anıq ko`riniste tu`siniw, a`sirese xudojnikler ushın ju`da` a`hmiyetli bolg`an ko`z aldındag`ı zatlardın` jaylasıwı, ko`rinisleri, formaları ha`m olardın` arasındag`ı qatnaslardı da`rha`l seziw uqıpların rawajlandırıwg`a boladı. Bul jag`day a`sirese ta`biyat ko`rinislerin baqlag`anda za`ru`r boladı. Ayırım adamlarda ko`z benen shamalaw qa`siyeti ko`birek, ol basqalarında azıraq rawajlang`an. Bul qa`siyet su`wretshilikte formanı durıs an`lay alıw qusag`an ju`da` za`ru`r bolg`an pa`ziyletlerden bolıp, onı ba`rha` bir qa`lipte o`zlestirip barıw kerek.

Ba`rqulla birdey tınbastan shınıg`ıp bara berilgende da`slebinde qıyın bolıp ko`ringen na`rselerdi su`wretlew an`satlasıp bara beredi. Ha`wesker su`wretshiler ta`biyat ko`rinislerinin` qa`lem su`wretlerin sıza turıp, su`wret sızıwdın` en` tiykarg`ı nızamları menen jaqsı tanıs bolıwı, bul nızamlar ha`m qag`ıydalardı o`zlestirip alıwı za`ru`r ekenlingin biliwi kerek boladı. Peyzaj ko`rinislerin jaratıwdan aldın ha`r bir oqıwshı da`slep natyurmort su`wretin sızıwdı tolıq u`yrengen bolıwı kerek, sonda ol ha`r qanday predmet su`wretin perspektiva qag`ıydalarına boysıng`an jag`dayda onın` ko`lemlerin ko`rsetip sızıwg`a qıynalmastan qa`lem menen jumıs alıp barıw ta`jiriybesin anıq iyelegen bolıwı maqsetke muwapıq. Geyde oqıwshılar peyzaj u`stinde jumıs alıp bara turıp onın` su`wretin sızıw portret yaki natyurmort islegenge qarag`anda anag`urlım an`sat boladı dep oylaydı. Olardın` pikirinshe, peyzaj islep atırıp, onda qandayda bir anıqlıq, sızılıp atırg`an sızıqlardın` u`ylesimligi ha`m na`zikligin ko`rsetiw qusag`anlardı islew sha`rt emes, ta`biyattag`ı ko`rinislerdi pu`tin uqsatıp su`wretlew, qa`legen ko`rinistegi kompozitsiya retinde, sheshimli ko`riniste islew talap etilmeydi, ko`rinislerge o`zbetinshe o`zgerisler kiritse de boladı. Sonday-aq, bul ko`rinisti qa`legeninshe ulıwmalastırıw mu`mkin ja`ne basqa da erkin ha`reketlerge jol qoyıladı dep te oylap, qa`teshilikke qol urıwı jiyi-jiyi ushırasıp turadı. Bunday oylag`anlar o`zlerinin` jumıslarında kemislik bar ekenligin waqtında bayqap barsa, o`zlerinin` keyingi jumıslarının` na`tiyjelerinin` to`menlewinin` ju`zege keliwine tosqınlıq ete aladı.

Oqıwshılar ushın ta`biyattı gu`zetiwshilik penen u`yreniw ha`m baqlaw, qa`lem menen su`wret sızıwdın` barlıq nızamlılıqlar ha`m qag`ıydaları, onın` na`zik ta`replerin o`zlestirip alıw, ta`biyattın` ha`r qanday ko`riniwin su`wretley biliw ta`jiriybesin payda etedi. Oqıwshı ta`biyattan alg`an ta`sirlilikti, onı qızıqtırg`an, onın` ayrıqsha itibarın tartqan barlıq na`rselerdi ko`binshe kishkene da`ptershelerge qısqasha jazıwlar yaki bir demlik tez tayar bolatug`ın qa`lem su`wretler arqalı belgilep ju`riwi za`ru`r.

Bunday su`wretlerdin`  arasında ko`z na`rselerdi, mısalı, adamnın` kelbeti, bet a`lpeti, tulg`ası, ha`reketi, quslar ha`m haywanlardın` tulg`aları, is-ha`reketi, jag`dayları, ta`biyat ko`rinisleri, o`simlikler, terekler, ko`l ha`m da`r`ya boyları, jap-salmalar, taw ko`rinisleri, ha`r tu`man buyımlardın` ko`rinisleri, inter`erdegi ko`rinisler, ko`shedegi jag`daylar, mashinalar, poezd, avtobus ha`m ja`ne ko`p su`wretlerdi islewge boladı. Usılyınsha tez ma`writte sızılg`an su`wretler oqıwshı  ushın ju`da` paydalı. Bunday shınıg`ıwlar dıqqattı, este saqlaw uqıpların, ko`z aldında turg`an ko`rinislerdi da`rha`l sana arqalı an`lap, tu`sinip alıw uqıpların asırıwda  u`lken ja`rdemi bar.

Usılayınsha  oqıwshılar zatlardın` o`zine qarap su`wret salıwda shınıg`ıwlar islep bara beredi ha`mde sonın` menen birge olar o`zlerine baqlawshılıqtı ta`rbiyalawı mu`mkin, ta`biyattı o`z betinshe u`yrene aladı. Sonın` ushın  da oqıwshılar ba`rqulla o`z betinshe kishigirim, ma`writlik su`wretler salıp ju`riwi za`ru`r ha`reketlerdin` biri.

Olardın` o`zlerinin` uqıpların ha`mde bilimlerin ta`biyat ko`rinislerin islewge bag`darlawdı qa`lewshilerge ha`zirgi waqıtta ju`da` u`lken imka`niyatlar bar. Olardın` usınday ken` ko`lemde, ko`rkemlik tarawında jaqsı rawajlanıwı ushın bizin` erkin ma`mleketimizde ha`r qıylı ha`reketler, a`njumanlar, oqıtıw kursları, ko`rgizbeler, muzeyler, ko`rik-tan`lawlar ha`m basqa da ko`plep jag`daylar bar.

Su`wretlew o`neri tarawında bar bolg`an nızamlar ha`m qag`ıydalardı jaqsı u`yrenip jumıs alıp barıw a`hmiyetli orın tutadı. Su`wretlew o`neri shıg`armalarında – natyurmortda yaki basqada ko`rinislerdi su`wretlewshi quramalı kompozitsiyada da ha`mme waqıt tiykarg`ı jag`day – kompozitsiyadag`ı oraylıq predmet bolıwı sha`rt. Shıg`armalardın` ulıwmalıq mazmunın belgilep beriwshi tiykarg`ı predmetler kompozitsiyanın` orayı bolıp esaplanadı.

Kartinanın` orayı haqqında oy ju`ritkenimizde aytıp o`tetug`ın na`rse, bul – kartina tegisliginin` geometriyalıq oraylıq tochkasında jaylasırılıwı

sha`rt dep tu`siniwge bolmaydı. Eger usılayınsha jaylastırıw qollanılatug`ın bolsa, onda kartina ju`da` jag`ımsız ha`m kemshilikli ta`repi da`rha`l ko`zge taslanatug`ın boladı.

Bunday ko`rinislerde su`wretlense kartina jasalma tu`rde kompozitsiyalıq ekige bo`lip qoyılg`anday boladı. Ko`binshe usı oraylıq predmet kompozitsiyalıq ko`rinisinen birer ta`repke ısırılıp qoyıladı. Egerde onıw atqarıp turg`an roli a`hmiyetli bolatug`ın bolsa, onda ol avtor ta`repinen jaylastırılıwına qaray ba`rha` kompozitsiyalıq orayı sıpatında ko`zge taslanıp turadı.

Perspektivalıq nızamlılıqlarg`a ko`re, boslıqtag`ı barlıq predmetler insan ko`zinen uzaqlasıp barg`an sayın sızıqlı perspektivalıq ta`siri astında kishireyip ko`rinedi, olardın` ha`mme sızıqları ha`m ju`zeleri a`ste-aqırın qısqarıp baradı. Usıg`an muwapıq ha`r bir su`wretlew o`neri shıg`armasında hawa ha`m sızıqlı perspektiva sa`wleleniwi za`ru`r. Onın` nızamların bilmesten turıp hesh bir su`wretti qa`te-kemshiliklersiz orınlap bolmaydı. Su`wret salıwdı jan`a u`yrenip atırg`an oqıwshılardın` arasında ko`binshe «keri perspektiva» yag`nıy –predmettin` perspektivlıq qurılısının` en` a`piwayı nızamlarına a`mel qılmaslıq jag`dayları ushıraydı. Mısalı, stoldın` ju`zesinin` uzaqtag`ı qırı jaqındag`ısınan ko`re qısqaraq bolıwı kerek. ta`jiriybesiz oqıwshılar bolsa onıw su`wretin sızıp atırg`anda jaqındag`ı sızıq uzaqtag`ısınan kelte bolıp ko`rinip qaladı. Sonın` ushın su`wret sızıwdı baslawdan aldın sızıqlı perspektivanın` tiykarg`ı nızamların dıqqat penen u`yreniw, shınıg`ıwlar qılıw kerek. Olardı o`zlestirip alg`annan son`, su`wretlerdi qanday ko`riw kerek ekenligin bilip alıw mu`mkin. Eger qa`lem su`wrette bir neshe uzaqlıqtag`ı aralıqlar (bir neshe plang`a iye kompozitsiya ) sa`wlelenetug`ın bolsa, onday jag`dayda perspektiva a`sirese durıs ko`rsetiliwi za`ru`r. Sonday-aq, su`wret sızıwdı u`yrenetug`ın oqıwshı o`ziniw jumısı dawamında ta`biyattag`ı hawalıq perspektiva qubılıslarına ha`m a`lbette duslasadı.

Kompozitsiyadag`ı ko`rinistegi jaqınıraqta, birinshi – aldın`g`ı qatarda (aldıwg`ı planda) turg`an premdetlerdi tınıq jarıq tu`sip turg`an qılıp, anıq sızıqlar ja`rdemide, jarıq ha`m sayalar arasındag`ı parıqtı keskin tu`rdegi – «kontrast» larda su`wretleydi. Qaysı ob`ekt qa`nshelli uzaqta bolsa, ol sonshelli kemirek jaratılg`anlıg`ı sebepli sızıqları ku`shsiz, bo`lekleri ulıwmalastırılg`an, forması ko`lemsiz qılıp sızıladı. En` uzaqtag`ı ko`rinip atırg`an na`rseler bolsa, az jaratılg`an, anıq emes jayıq daqlar menen hawag`a birlesip ketetug`ınday da`rejede ko`lemsiz  ha`m mayda ko`rinislersiz su`wretlep ko`rsetiledi. Solay etip, su`wrette hawalıq ta`sirler payda boladı.

Su`wrettin` sızıqlı perspektiva talabına muwapıq ha`r tu`rli su`wretleniwi gorizont sızıg`ınıw qanday jaylasqanı menen de baylanıslı boladı. Sonın` ushın onı ha`r sapar durıs anıqlap alıw ju`da` za`ru`r. Peyzaj su`wretin islegende gorizont sızıg`ı joqarıda da, to`mende de bolıwı mu`mkin. Birewler gorizont sızıg`ı joqarıda bolg`an peyzaj su`wretin maqul ko`retug`ın bolsa, basqaları kerisinshe, o`zlerinin` su`wretlerinde ko`binshe gorizont sızıg`ının`  to`mende bolg`anın abzal dep tu`sinedi. A`lbette, hesh qanday peyzaj o`zinshe ma`lim birew ta`repinen belgilengen gorizont sızıg`ına iye bolmaydı- bunday tu`sinikler su`wret salıwshı ushın o`zine qatnaslı bolıp, barlıg`ı onın` sol  waqıtta ta`biyatqa qanday tochkadan turıp qarap atırg`anına baylanıslı. To`mengi  jerden ol to`men gorizonttı ko`redi ha`m onın` ko`riw maydanının` u`lken bo`legin aspan iyeleydi, al, egerde ol da`l sonday ta`biyat ko`rinisin biyik jerden turıp qarasa, onda gorizont ta ko`teriledi ha`m ko`riw maydanının` ko`p bo`legin uzaqlıqlar iyeleydi. Go`zzallıq ko`rsetkishlerine tiykarlana otırıp qarag`anda su`wretlew o`nerinde shıg`armalardın` ju`zesinin` ortasınan o`tip, onı ten` ekige bo`lip ko`rsetetug`ın gorizont sızıg`ı maqsetke muwapıq emes. Tegis dalan`lıq jerde gorizont sızıg`ın ko`riw an`sat. Ko`z aldına u`lken na`rseler tosıp turg`anda bolsa onı anıqlaw qıyınraq boladı. Bunday waqıtları gorizont sızıg`ı predmettin` xudojnik ko`zinen uzaqlasıp atırg`an, jerge parallel bolg`an ta`repinin` bag`darına qarap izlep tabıladı.

Ta`biyatta da,  xudojnik ta`repinen su`wreti sızılıp atırg`an su`wrette de aspannın` su`wreti a`dette ko`p jerdi iyelep turadı. Onı dıqqat penen oylap, bilip su`wretlew kerek boladı. Ku`ndizgi ku`ni quyashtın` jarıg`ında onın` ren`leri joqarı ta`repte tog`ıraq, gorizontqa jaqınlag`an sayın ag`arıp ko`rinedi. Gorizonttın` tap joqarında boalsa aspan dumansımaq ko`riniste ko`rinedi. Quyash batqannan keyin ha`mde shıg`ıwınan aldın da aspannın` ren`i, sonday-aq, jarıqlıqtın` izshilligi anag`urlım o`zgeredi. Ko`pshilik jag`daylarda aspan ta`biyg`ıy ko`rinistegi en` jarıq jer bolıp tabıladı. Usınday waqıtlar bolıwı da mu`mkin – onda ashıq ren`li na`rseler quyashtın` o`tkir nurları astında aspannan da jarıq bolıp ko`rinedi. Olar imaratlardın` diywalları, jerdegi yamasa jaylardın` to`besindegi qar, appaq gu`ller yaki adamlardın` kiyimleri bolıwı mu`mkin.

# ***Juwmaqlaw***

Qa`lem su`wret - ba`rshe su`wretlew o`neri tu`rlerinin` tiykarı bolıp esaplanadı. Ko`rkem o`ner shıg`armaların do`retiwde en` da`slep xudojnik o`zinin` pikir-oyların belgili ko`rinislerdegi sızbalar arqalı ko`rsete aladı ha`m usı sızbalar su`wretshının` tabıslıv jumıs baslawında u`lken ja`rdem beredi. Do`retiwshi xudojnikler ko`rkem shıg`armalardı jaratıw ushın da`slebinde qa`lem menen islewden baslaydı. Sonnan son` g`ana usı shıg`armag`a ren`ler berilip, avtor aldına qoyg`an maqsetlerine erisiw ushın ko`plegen ekizler islew na`tiyjesinde tolıq tamamlang`an kartina halına keltiriledi ha`m bul ko`rkem shıg`arma o`zimnin` mazmunı ha`mde sırtqı ko`rinisi, ren`lerinin` u`lesimligi, islew usıllarının` durıs qollanılıwı na`tiyjesinde ju`zege kelip, tamashago`ylerge estetikalıq zawıq beredi.

Basqa so`zler menen pikir bildiriwde, qa`lem su`wretsiz hesh bir su`wretshi o`z shıg`armasın tolıq ko`riniste jetik islengen jag`dayg`a keltire almaydı.

Ko`rkem o`nerdi jaslarg`a u`yretiw barısında itibar beriw sha`rt bolg`an jag`daylardın` biri bul - ko`rkem mag`lıwmat beriwde haqıqıy su`wretlew oqıwshılarg`a a`meliy bilimlerdi g`ana berip qoymastan, al olardın` ulıwma du`n`yag`a ko`z qarasların rawajlandırıwda da u`lken a`hmiyetke iye. Haqıyqıy su`wret salıw o`neri, bolmıstı haqıyqıy obrazlarda su`wretlew sheberlikti rawajlandırıwdı o`z aldına maqset etip qoyadı. Ulıwma su`wret salıwdı u`yreniw oqıwshılarg`a a`tiraptag`ı dene ha`m qurılıslardın` ko`lemin haqıyqıy su`wretlew menen birge, olardın` estetikalıq talg`amların ku`yshetiwde u`lken a`hmiyetke iye. Su`wret salıw tiykarların u`yreniw, na`rsenin` o`zine qarap basqıshpa-basqısh ra`wishte su`wretlew printsiplerinde qurılg`an bolıp tabıladı. Su`wretlew o`neri oqıtıwshının` jetik qa`niygelikke iye bolıwında tek g`ana a`meliy bilimlerdi o`zlestiriw emes, al, su`wretlew o`nerinin` teoriyalıq tayarlıg`ının` puxtalıg`ına da baylanıslı.

Su`wretlewdin` o`zine ta`n bolg`an ha`m jumıs islewdegi tiykarg`ı bilim, mag`lıwmat ha`m ta`jiriybelerde sha`rtli tu`rde qollanılatug`ın tiykarg`ı nızamları ha`m qag`ıydaları bar bolıp, olardı bilmey turıp hesh qanday a`meliy jumıs orınlaw mu`mkin emes. Olarg`a perspektiva nızamı, su`wret tegisligi, buyım tegisligi, ko`riw maydanı, ko`riw tochkası, gorizont sızıg`ı, ken`islik (fazalıq) perspektiva, jaqtılıq, saya, yarım saya, qaytıwshı saya, jaltıraqlıq, sızıqlı konstruktivlik du`zilis, ko`lemlerdi ko`rsetiw qusag`anlar kiredi.

Mine usı nızamlılıqlarg`a tiykarlana otırıp qa`lem su`wret penen shug`ıllanıwg`a boladı.

Orta bilim beriw mektepleri, akademiyalıq litsey ha`m ka`sip-o`ner kolledjleri ushın ha`r ta`repleme jetik su`wretlew o`neri oqıtıwshıların tayarlaw joqarı ta`lim sistemasında alıp barılatug`ın ha`r bir oqıw predmeti, solardın` ishinde qa`lem su`wret boyınsha teoriyalıq a`meliy ta`repten ha`m onın` tu`rlerin puxta oqıtıw menen belgilenedi. Oqıwshılarg`a tabıslı ta`lim beriw qa`lem su`wretti eki tu`rdegi bag`darda alıp barıwdı talap etedi. 1. Zatlardı o`zine qarap su`wretlewdin` uzaq mu`ddetke arnap shınıg`ıwlar beriw. 2. Qısqa mu`ddetli qa`lem sızba ha`m qaralamalar islew joqarı ta`lim ha`m su`wretlew o`neri menen shug`ıllanıwshı barlıq ko`rkem oqıw orınlarında mine usı eki tu`rdegi usıllar bir-birine tolıqtırg`an ha`m baylanıslı ta`rizde alıp barılıwı kerek. Bunday usıllarda ta`lim ta`rbiya beriw bolajaq su`wretlew o`neri oqıtıwshıların pedagogikalıq xızmetke puxta tu`rde tayarlay aladı. Uzaq mu`ddetke arnap du`zilgen qoyılmalardı o`zine qarap su`wretlew protsessinde oqıwshılar qa`lem su`wret pa`nine tiyisli bolg`an nızamlar ha`m qag`ıydalardı teren`nen o`zlestirip aladı ha`m buyımlardın` konstruktivlik du`zilislerin tiykarlı ra`wishte u`yretedi. Sonın` menen birge, na`rselerdin` o`zine qarap haqıyqıy su`wretlewdin` belgili bir basqıshları menen jaqınnan tanısadı. Al, qa`lem sızba ha`m qısqa mu`ddetli qaralama su`wretlew islew

arqalı buyımlardı ulıwmav xarakterli bo`leklerin tez o`zlestirip alıw ha`m su`wretlew uqıpların rawajlandıradı.

Keyingi da`wirde pedagogikalıq oqıw orınlarında qa`niygelik pa`nlerdin` arasında qa`lem su`wret shınıg`ıwların oqıtıwdın` teoriyalıq ha`m metodikalıq tiykarların islep shıg`ıw ha`m ilimiy tiykarların islep shıg`ıw ha`m ilimiy jaqtan tiykarlang`an jan`adan-jan`a jolları, tu`rleri, mazmunı ha`m metodların jetilistiriw aktual` ma`seleler qatarınan orın alg`an. Bul ma`seleler to`mendegilerden ibarat :

1.Su`wretlew o`neri bilimi ma`mleketlik standartlar tiykarınan jaslarg`a su`wretlew o`neri shınıg`ıwların oqıtıwdın` ha`zirgi jag`dayın anıqlaw ha`m onın` keyingi jıllarg`a mo`lsherlengen keleshek jolların islep shıg`ıw.

2. Su`wretlew o`neri oqıtıwshısı qa`niygeligi boyınsha joqarı oqıw orınlarında qa`niyge pedagog-su`wretshilerdi tayarlawshı mekemelerdin` is-ha`reketin ilimiy-metodikalıq jaqtan analizlew.

## ***Paydalanilg`an a`debiyatlar dizimi:***

1. Kadrlar tayyorlash milliy dasturi. Toshkent, 1997 yil 29 avgust

2.Ta`lim to`g`risidagi O`zbekiston Respublikasi qonuni.Toshkent, 1997, 29 avgust

3.I.A.Karimov. «Bizdan ozod va obod Vatan qolsin».T., 1994

4.I.A.Karimov. «Bunyodkorlik yo`lidan». II-tom, T., 1996

5. I.A.Karimov. «Barkamol avlod orzusi». Toshkent. 1999

6. I.A.Karimov. «Joqarı ma`na`wiyat-jen`ilmes ku`sh». T.2008

7.I.A.Karimov. O`zbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. Toshkent, 2012

8.Azimova B. Natyurmort tuzish va tasvirlash metodikasi. T., 1984

9.Aksenov K.N. Risunok. M., 1990

10.Azimova B. Natyurmort tuzish va tasvirlash metodikasi.T., 1984

11.Abdurahmonov G.M. Rangtasvir va kompozitsiya.- Toshkent, 1995.

12.Abdurahmonov G.M. Kompozitsiya.- Toshkent, 2010.

13. Borsh L.O. Nabroski i zarisovki. M., 1970

14. Boymetov B. Badiiy grafika kulliyoti birinshi kurs sirtqi bo`lim talabalari uchun qalamtasvirdan metodik tavsiyalar. Toshkent., 1992

15.Boymetov B. Qalamtasvir o`qitishning ilmiy asoslari. Metodik tavsiyalar. T., 1995

16.Boymetov B., Tolipov M. Maktabda tasviriy san`at to`garagi. T., 1995

17.Boymetov B., Tolipov M. Maktabda tasviriy san`at t o`garagi.T., 1995

18.Boymetov B, Abdirasilov S. Chizmatasvir. O`rta maxsus kasb-hunar kolledjleri uchun o`quv qo`llanma.T., 2004

19.Boymetov B, Abdirasilov S. Chizmatasvir. O`rta maxsus kasb-hunar kolledjleri uchun o`quv qo`llanma.T., 2004

20. Beda G.V. Osnovı izobrazitel`noy gramotı. M., 1960

21. Kuzin V.S. Nabroski i zarisovki. M., 1970

22.Karimov X. Urol Tansikboev. T., 1978

23.Oripov B. Tasviriy san`at darslarini samaradorligini oshirish omillari.T., 1978

24.Rumyantseva I. Texnicheskie sredstva obucheniya pri risovaniyu po voobr0jeniyu. M., 1975

25. Rostovtsev N.N. Akademicheskiy risunok. M., 1976

26.Rostovtsev N.N.Uchebniy risunok. M., 1985

27.Risunok, jivopis`, komipozitsiya. Xrestomatiya. (Sost.Rostovtsev N.N., İgnat`ev S.E., Shoroxov E.V.). M., 1989

28.Skatkin M.N. Sovershenstvovanie protsessa obucheniya.M., 1971

29.Savitskiy I.V. Gosudarstvenniy muzey iskusstv Karaklapakskoy ASSR. M., 1976

30.Tokarskaya I.E. i dr. Texnicheskie sredstva obucheniya. T., 1977

31.Taktash R. Nadejda Kashina.T., 1980

32. Tojiev B. Qalamtasvir asoslarini o`rganish. T., 1994

33. Tojiev B. Qalamda manzara chizish.T., 2000

34.Shoroxov E.V. Tematicheskoe risovanie v shkole.M., 1975

35.Shoroxov E.V. Metodika prepodovaniya kompozitsii na urokax ixobrazitel`nogo iskusstva v shkole.M., 1977

36.Hasanov R. I-VII sinflarda narsaniing o`ziga qarab rasm chizish. T.; «O`qituvchi»-1968. TDPI

37.Hasanov R. Yosh avlodni san`at vositasida estetik ruhda tarbiyalash. T., 1982

38.Hasanov R. Narsaning o`ziga qarab rasm chizish.T., 1968

39.Hasanov R. Tema asosida rasm chizish jarayonida estetik tarbiya. T., 1980

40.Hasanov R. Maktabda tasviriy san`at mashg`ulotlarini takomillashtirish y o`llari.T., 1986

41.Hasanov R. Maktabda tasviriy san`at mashg`ulotlarini takomillashtirish yo`llari. T., 1986

42. www.ziyonet.uz

43. www.edu.uz

44. www.pedagog.uz

45.www.nbgf.intal.uz